

**KALEPATAN PANGANGGENING BASA JAWI WONTEN
AKUN DRAFT SMS UGM APLIKASI LINE JANUARI-MARET
2017**

Skripsi

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

minangka Jejangkeping Pandadaran

Anggayuh Gelar

Sarjana pendidikan



dening:

Yesria Luthfiananti Nuri Sabella

13205241055

**PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2020**


PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “Kalepatan Panganggening Basa Jawi wonten Akun Draft SMS UGM Aplikasi Line Januari-Maret 2017” menika saged dipunuji awit sampun angsal pasarujukan dening dosen pembimbing.

Yogyakarta, 17 Mei 2020

Ingkang nyarujuki,

Dosen Pembimbing,


Dra. Siti Mulyani, M. Hum.


NIP. 19620729 198703 2 002



PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kalepatan Panganggening Basa Jawi wonten Akun Draft SMS UGM Aplikasi Line Januari-Maret 2017* menika sampun dipunandharaken ing pandadaran wonten sangajenging Dewan Penguji ing tanggal 15 Mei 2020 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dra. Siti Mulyani, M.Hum.	Ketua Penguji		25 Mei 2020
Dr. Purwadi, S.S.,M.Hum.	Sekretaris Penguji		25 Mei 2020
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.	Penguji Utama		25 Mei 2020

Yogyakarta, 25 Mei 2020

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Sr. Harti Widyastuti, M.Hum.

NIP 196210081988032001

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika, kula:

Nama : Yesria Luthfiananti Nuri Sabella

NIM 13205241055


Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Medharaken bilih *skripsi* menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing *skripsi* menika beda kaliyan *skripsi* ingkang sinerat dening tiyang sanes, kejawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha *etika* panyeratipun. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 7 Mei 2020

Panyerat,



Yesria Luthfiananti Nuri Sabella

SESANTI

saha mugi tansah dipungampilaken kangge kula prekawis kula. – (Q. S Thaha: 26)

PISUNGSUNG

Alhamdulillah dene Gusti ingkang Maha Welas Asih tansah paring pepadhang
dhumateng kula, *skripsi* menika kula pisungsungaken dhumateng:

tiyang sepuh kula, Bapak Sularso saha Ibu Sri Hastuti (Almh.) ingkang sampun
paring katresnan, panyengkuyung, saha donga pangestunipun.

Aba Hafid Muhamad Yusuf minangka semah kula ingkang sampun paring
panglipur, katresnan, panyengkuyung, saha donga pangestunipun.

PRAWACANA

Sedaya puji lan syukur dhumateng Ngarsanipun Gusti Allah SWT, ingkang tansah paring rahmah, hidayah, saha inayahipun satemah panyerat saged nyerat skripsi kanthi irah-irahan “*Kalepatan Panganggening Basa Jawi wonten Draft SMS UGM Akun Aplikasi Line Januari-Maret 2017*” menika kaimpun kanthi kali sing rubeda nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat minangka jejangkeping syarat anggayuh gelar *Sarjana Pendidikan*.

Boten kesupen panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng Ibu Dra. Siti Mulyani, M. Hum. Minangka dosen pembimbing skripsi ingkang sampun paring panjurung, pamrayogi, panyaruwe, paring bimbingan kanthi sabra ing sadangunipun kula nyerat skripsi menika saha sampun paring kathah ngelmi ingkang migunani sanget satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae saha lancar.

Panyerat saged ngrampungaken skripsi menika kanthi pambiyantu saha panyengkuyungipun saking tiyang sanes. Awit saking menika panyerat ngaturaken panuwun ingkang tanpa upami dhumateng:


1. Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang kanthi boten langsung sampun paring idi palilah dhumateng panyerat kangge ngrampungaken anggenipun nyerat skripsi menika,
2. Ibu Dr. Sri Harti Widyastuti, M. Hum. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta, ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi menika,
3. Bapak Dr. Afendy Widayat, M. Phil. minangka Pangarsaning Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring panyengkuyung supados nyekapaken skripsi,
4. Ibu Dra. Siti Mulyani, M. Hum, minangka *penasehat akademik* saha pembimbing ingkang sampun paring bimbingan saha wewarah dhateng kula kanthi sabar saha tlatos. Sampun paring wewarah saha pandom sakdangunipun kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah,

5. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni- warni, inggih ingkang murakabi tumrap panyerat, saha boten kesupen kangge staff administrasi Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun mbiyantu babagan administrasi tumrap panyerat,
6. Semah kula, Aba Hafid Muhamad Yusuf ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga amrih lancar samudayanipun,
7. Tiyang sepuh kula, Bapak Ragil Sularso saha kulawarga kula ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga amrih lancar samudayanipun. Sedaya welas ashipun mboten wonten ingkang saged nggantosaken,
8. Anak kula, Ananda Haidara Xherdan Ibrahimi Yusuf ingkang sampun dados panyengkuyung kula kangge ngrampungaken skripsi menika,
9. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Angkatan 2013 mliginipun kelas B ingkang sampun paring panyengkuyung saha pambiyantunipun,
10. Sedaya piyantun ingkang sampun paring pambiyantu dhateng kula, ingkang boten saged kula sebutaken setunggal mbaka setunggal, kula ngaturaken panuwun.

Temtu kemawon panyerating skripsi menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika sedaya pamrayogi menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun.

Yogyakarta, 7 Mei 2020

Panyerat,



Yesria Luthfiananti Nuri Sabella
NIM. 13205241055

PRATELAN ISI

Kaca

IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
WEDHARAN	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA.....	vii
PRATELAN ISI	ix
PRATELAN TABEL.....	xii
PRATELAN GAMBAR.....	xiii
PRATELAN LAMPIRAN	xiv
PRATELAN CEKAKAN.....	xv
PRATELAN TETENGER.....	xvi
SARINING PANALITEN	xvii
BAB I PURWAKA.....	1
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Prakawis.....	4
C. Watesaning Prakawis.....	5
D. Wosing Prakawis.....	6
E. Ancasing Panaliten	6
F. Paedahing Panaliten.....	7
G. Pangretosan	7
BAB II GEGARAN TEORI	9
A. Andharan Teori	9

1. Analisis Kalepatan Basa	9
2. Jinising Kalepatan Basa	11
a. Kalepatan <i>Fonologis</i>	11
1) Kalepatan Panganggening <i>Vokal</i>	12
2) Kalepatan Panganggening <i>Konsonan</i>	15
b. Kalepatan <i>Morfologis</i>	17
1) Kalepatan Panganggening Ater-ater.....	18
2) Kalepatan Panganggening Panambang.....	19
3) Kalepatan Panganggening Wuwuhan Seseangan.....	20
4) Panyerating Klitika ingkang Boten Leres.....	21
B. Panaliten ingkang Jumbuh	30
C. Nalaring Pikir	31
BAB III CARA PANALITEN	33
A. Jinising Panaliten	33
B. Sumber Data Panaliten	33
C. Caranipun Ngempalaken Data Panaliten	34
D. Pirantining Panaliten	35
E. Caranipun Nganalisis Data	37
F. Cara Ngesahaken Data	38
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	40
A. Asiling Panaliten	40
B. Pirembagan	47
1. Kalepatan <i>Fonologis</i>	47
2. Kalepatan <i>Morfologis</i>	62
BAB V PANUTUP	71
A. Dudutan	71
B. <i>Implikasi</i>	73
C. Pamrayogi	73
KAPUSTAKAN	74

LAMPIRAN	76
-----------------------	-----------

PRATELAN TABEL

	Kaca
<i>Tabel 1. Jinising Ater-ater</i>	23
<i>Tabel 2. Jinising seselan</i>	25
<i>Tabel 3. Jinising panambang</i>	26
<i>Tabel 4. Jinising wuwuhan sesarengan</i>	26
<i>Tabel 5. Tuladha format kertu dhata analisis fonologi saha</i> <i>Morfologi</i>	36
<i>Tabel 6. Analisis Data</i>	38
<i>Tabel 7. Kalepatan Fonologis saha Morfologis ing pesan Akun Draft</i> <i>SMS UGM Aplikasi Line</i>	40

PRATELAN GAMBAR

	Kaca
<i>Gambar 1: Gambar Kertu Data</i>	28

PRATELAN LAMPIRAN

	Kaca
<i>Lampiran 1: Tabel Analisis Data</i>	68

PRATELAN CEKAKAN

Cekakan:

- 1 angka urutanipun data ingkang dipuntliti
- C Camboran
- D sumber data
- K Konsonan
- P Panyerating
- R Reduplikasi (tembung rangkep)
- V Vokal
- W Wuwuhan

PRATELAN TETENGER

Tetenger:

- (-) *tanda hubung*, dipunginakaken kangge nyambung tembung rangkep
- /.../ *garis miring rangkep*, nedahaken fonem
- {...} *kurung kurawal*, nedahaken morfem
- (‘...’) *tanda petik tunggal*, ngapit tegesing tembung terjemahan saha andharan
- ← dipunwaos ‘saking’
- (+) dipunwaos ‘dipunwuwuhi’
- (-) dipunwaos ‘dipunkirangi’

**KALEPATAN PANGANGGENING BASA JAWI WONTEN AKUN DRAFT
SMS UGM APLIKASI LINE JANUARI-MARET
2017**

**Dening
Yesria Luthfiananti Nuri Sabella
NIM 13205241055**

SARINING PANALITEN

Ancasing panaliten inggih menika kangge ngandharaken kalepatan wonten *Akun Draft SMS UGM Aplikasi Line Januari-Maret 2017*. Wujudipun kalepatan ingkang dipunrembag ing panaliten inggih menika kalepatan *fonologis* saha *morfologis* basa Jawinipun. Mliginipun basa Jawi ngoko ingkang lepat wonten *Akun Draft SMS UGM*.

Panaliten menika minangka panaliten *deskriptif*. Sumber *datanipun* awujud *Akun Draft SMS UGM wonten Aplikasi Line edisi Januari-Maret 2017*. Data panaliten awujud tembung-tembung basa Jawi ingkang ngemu kalepatan ing perangan *fonologis* saha *morfologis* ing *Akun Draft SMS UGM Aplikasi Line*. Basa Jawi ingkang dipunginakaken inggih menika basa ngoko ingkang adatipun dipunginakaken ing basa padintenan. Data dipunkempalaken kanthi cara waos saha cathet lajeng dipunanalisis kanthi teknik analisis *deskriptif*. Kangge manggihaken *validitas data* ngginakaken triangulasi teori saha *expert judgment*. Teori ingkang dipunginakaken inggih menika teori kalepatan *fonologi* saha *morfologi*. *Expert judgment* ing panaliten menika dipuntindakaken kanthi cara konsultasi kalihan tiyang ingkang ahli, ahli ingkang dipunkajengaken ing panaliten menika dosen pembimbing Dene *reliabilitas data* ngginakaken *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten nedahaken bilih pesan wonten *akun Draft SMS UGM Aplikasi Line* menika taksih wonten kalepatan *fonologis* saha *morfologis* Basa Jawi. Kalepatan *fonologis* ingkang dipunpanggihaken inggih menika kalepatan *ejaan*. Kalepatan *fonologis* menika gayut kalihan tembung ingkang dipuntambah *vokal* utawi *konsonan*, dipunkirangi *vokal* utawi *konsonan*, saha panyerating tembung ingkang lepat *ejaan vokal* utawi *konsonan*. Dene kalepatan *morfologis* ingkang dipunpanggihaken inggih menika kalepatan proses pandhapuking tembung inggih menika panyerating ater-ater, panambang, wuwuhan sesarengan ingkang dipunpisah, tembung rangkep ingkang kirang tandha panggandheng saha ingkang dipunringkes ngginakaken angka kalih, saha kalepatan panyerating tembung *klitika*.

Pamijining tembung: panyerating tembung, kalepatan fonologis, kalepatan morfologis.

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Pawarta minangka salah satunggaling sarana ingkang dipunginakaken kangge *komunikasi*. *Komunikasi* ingkang samangke dipuntindakaken dening masarakat menika kangge ngandharaken sedaya ingkang dipunraosaken ugi saged dipunmangertosi dhateng tiyang sanes. *Komunikasi* menika gadhah ancas ingkang warni- warni, inggih menika kangge sarana dhawuh dhateng tiyang sanes, ngandharaken gagasan, paring pawarta, saha ugi saged kangge sarana *hiburan*. Pawarta menika sarana *komunikasi* ingkang kathah dipunginakaken. Pawarta ingkang badhe dipunandharaken menika saged ginakaken warni- warni basa. Wonten masarakat Jawi kangge ngandharaken gagasan menika ginakaken basa Jawi.

Pawarta ingkang badhe dipunandharaken menika saged awujud lisan saha sinerat. pawarta awujud sinerat menika saged dipunpanggihaken saking media koran, kalawarti, *internet*, *media sosial*, saha saking SMS (saking basa Inggris: *Short Message Service*). Jaman samenika sedaya *informasi* langkung kathah dipunandharaken dening *media sosial*. *Media sosial* menika sampun dados kaperluan sadinten- dinten, umpamanipun kagiatan *sosialisasi*, *pendidikan*, *bisnis*, *hiburan*, lan sapanunggalanipun. *Media sosial* samenika tuladhanipun *Facebook*, *Twitter*, *Instagram*, *BBM*, *Line*, lan sapanunggalanipun.

Media sosial aplikasi Line salah satunggal saking *media sosial* ingkang kathah dipunginakaken dening masarakat. Wonten *aplikasi Line* menika saged

dipunginakaken kangge *chatting* pribadi, grup, saha *akun line*. Kathah tiyang damel *akun line* kangge sarana *komunikasi alternatif* ingkang gampil dipunginakaken. *Akun* inggih menika wadah kangge tiyang ingkang sampun daftar wonten *situs*, menika kangge pikantuk *fasilitas* saking *situs akun* kasebut. Salahsatunggaling ancas tiyang damel *akun line* inggih menika kangge sarana *komunitas sosial*. Wontenipun *komunitas sosial* menika minangka sarana kangge manggihaken *interaksi* antawis *komunitas*. Wontenipun *komunitas* ingkang werni-werni *latar belakang pendidikan*, pakaryan, saha papan pagesanganipun ndadosaken *media sosial* salah satunggalipun *akun line* menika papan ingkang trep kangge *komunikasi* saha ngandharaken gagasan sesami anggota.

Anggota akun line ingkang dipunpanggihaken saking *latar belakang* ingkang boten sami ndadosaken panganggening basa wonten *akun* menika ugi maneka warni, gumantung saking sinten ingkang badhe nyerat wonten *akun* menika. Salah satunggalipun inggih menika *akun Draft SMS* (saking basa Inggris: *Short Message Service*) UGM (*Universitas Gajah Mada*). *Draft SMS UGM* *akun* ingkang sampun dipundamel saking *mahasiswa UGM* ingkang gadhah ancas kangge *fasilitas* tiyang sami kirim- kirim salam, numpang curhat kanthi bebas minangka *anonim*. *Draft SMS UGM* menika gadhah anggota saking kalangan *mahasiswa* saking *jurusan* utawi *fakultas* ingkang beda-beda. *Draft SMS UGM* menika ginakaken basa ingkang warni- warni gumantung tiyang ingkang badhe paring pawarta utawi paring *informasi*. Salah satunggalipun inggih menika kathah *mahasiswa* ingkang paring *informasi* ginakaken basa Jawi.

Basa Jawi ingkang dipunandharaken menika boten sami antawis tiyang satunggal kaliyan satunggalipun. Basa Jawi ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken gagasan wonten *Draft SMS UGM* menika kathah ingkang saking

DIY, Jawa Tengah, saha Jawa Timur. Panganggening basa Jawi ugi kedah leres supados saged dipunmangertosi kaliyan tiyang ingkang dipunajak guneman samangke. Ananging kathah panganggening panyeratan Basa Jawi ingkang boten trep kalihan kaidah Basa Jawi ingkang leres. Wonten pasinaon. Basa Jawi ingkang sae inggih menika basa Jawi ingkang dipunginakaken miturut norma masarakat ingkang sampun dipunlampahi sesarengan. Basa Jawi ingkang sae inggih menika basa Jawi ingkang dipunginakaken miturut pranatan utawi kaidah basa Jawi ingkang sampun dipunlampahi.

Gegayutan kaliyan tuntunan ing bab panganggening basa, panaliten saged mendhet sumber data saking *Draft SMS UGM* ingkang ginakaken basa Jawi. Wonten *Draft SMS UGM* ingkang ginakaken basa Jawi menika taksih kathah kalepatan-kalepatan anggenipun nyerat. Kalepatan-kalepatan wonten *Draft SMS UGM* menika dipunmangertosi saking *fonologi* saha *morfologi*. Adhedhasar panyeratan saking *Draft SMS UGM*, taksih wonten kalepatan babagan tata panyerating basa kalebet wonten *bidang morfologi*. Tuladha wonten *Draft SMS UGM* ingkang taksih lepat panyeratipun inggih menika:

(1) Nek mlaku sembari **lirak lirik** yo neng trotoar wae, ojo neng dalan aspal.
(D123, 15/02/17)

Saking tuladha ukara kasebut kalepatan *morfologi* ingkang katingal inggih menika kalepatan panyerating perulangan tembung wutuh. Perulangan tembung wutuh dipunserat jangkep saha dipunparing tandha hubung (-). Saking tembung lirak lirik ing ukara kasebut lepat amargi dipunserat boten ngginakaken tandha panggandheng (-). Ingkang leres anggenipun nyerat ginakaken tandha panggandheng (-) inggih menika lirak-lirik.

Nek **di poto** wong terus **di upload** *instagram* didadek.ke meme dak isin aku mas. (D121, 14/02/17)

Saking tuladha ukara kasebat kalepatan *morfologis* ingkang katingal inggih menika kalepatan panyerating *afiks* di- wonten ing tembung **di poto** saha **di upload** ingkang dipunpisah kaliyan tembung lingganipun. Cara panyeratan ingkang leres miturut pandom basa Jawi menika menawi dipungandheng, dados **dipoto** saha **diupload**.

Wontenipun *akun Draft SMS UGM* menika saged dipunmangertosi menawi basa Jawi taksih asring dipunginakaken dening *mahasiswa* wonten *media sosial*. Saengga panganggening basa kedah dipunleresaken supados boten dados tuladha ingkang lepat. Sedaya ingkang ngandhut tuntunan menika kedahipun samubarangipun leres ugi. Awit saking menika, *Draft SMS UGM* badhe dipuntliti amargi taksih wonten kalepatanipun, ugi anggenipun nyerat *informasi* wonten *Draft SMS UGM* menika kedah leres supados ingkang maos boten salah nafsiraken. Ananging awit kathahipun perkawis, panaliten menika namung badhe nganalisis kalepatan basa ingkang dhasar rumiyin inggih menika mligi namung badhe nganalisis kalepatan *fonologis* saha *morfologis*. Kalepatan wonten tataran *fonologis* menika awujud kalepatan *ejaan*. Kalepatan wonten tataran *morfologis* menika awujud kalepatan panyeratan *afiksasi* saha panyeratan *reduplikasi*. Pamilihing perkawis kasebat amargi menawi panyerating tembung miturut pandom basa Jawi lepat saged ndadosaken teges utawi makna lepat ugi saengga kedah dipunleresaken.

B. Underaning Perkawis

Saking dhasaring panaliten wonten inggil menika saged kapanggihaken underaning perkawis. Underaning perkawis wonten panaliten kanthi irah-irahan Kalepatan Panganggening Basa Jawi wonten *Akun Draft SMS UGM Aplikasi Line Januari-Maret 2017* saged kaandharaken wonten ngandhap menika.

1. Wujud kalepatan *fonologis* wonten *Akun Darft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017*.

2. Wujud kalepatan *morfologis* wonten Akun Darft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017.
3. Jinis kalepatan *fonologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017.
4. Jinis kalepatan *morfologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017.
5. Perkawis ingkang ndayani kalepatan *fonologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017.
6. Perkawis ingkang ndayani kalepatan *morfologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017.

C. Watesaning Prakawis

Saking underaning perkawis wonten nginggil prelu dipunwatesi supados boten langkung kathah ingkang dipunrembag. Awit saking menika, perkawis ing panaliten dipunwatesi kados ing ngandhap menika.

1. Jinis kalepatan *fonologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017.
2. Jinis kalepatan *morfologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017.
3. Wujud kalepatan *fonologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017.
4. Wujud kalepatan *morfologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017.

D. Wosing Prakawis

Adhedhasar saking watesaning perkawis ingkang badhe dipunrembag kaliyan panyerat, pramila wosing panaliten saged dipunandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Menapa kemawon jinis kalepatan *fonologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017?
2. Menapa kemawon jinis kalepatan *morfologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017?
3. Menapa kemawon wujud kalepatan *fonologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017?
4. Menapa kemawon wujud kalepatan *morfologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017?

E. Ancasing Panaliten

Miturut wosing prakawis wonten nginggil, saged dipunandharaken ancasing panaliten kados ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken jinising kalepatan *fonologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017.
2. Ngandharaken jinising kalepatan *morfologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017.
3. Ngandharaken wujuding kalepatan *fonologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017.
4. Ngandharaken wujuding kalepatan *morfologis* wonten Akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017.

F. Paedahing Panaliten

Paedahing panaliten menika dipungolongaken dados kalih paedah, paedah kanthi *teoritis* saha paedah kanthi *praktis*, inggih menika:

Paedah kanthi *teoritis* inggih menika supados asiling panaliten saged ndadosaken tambahing ngelmu mliginipun wonten babagan basa, ingkang gayut kaliyan kalepatan fonologis saha morfologis. Panaliten menika ugi supados saged kangge sumbangan kangge para pamiyarsa supados langkung *efektif*.

Paedahing panaliten kangge paneliti inggih menika supados saged dados panyengkuyung kangge peneliti saged nindakaken panaliten lanjut kanthi panaliten ingkang beda.

G. Pangertosan

Supados boten wonten luputipun anggenipun nafsiraken, panyerat badhe ngandharaken pangertosan ingkang dipunginakaken wonten panaliten. Pangertosan ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika kados ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika.

1. Kalepatan Basa

Kalepatan Basa inggih menika panganggening basa, kanthi lisan utawi sinerat ingkang medal saking kaidah basa ingkang dipunginakaken, minangka proses kangge nyinaoni basa tartamtu. (Setyawati, 2013:13).

2. Kalepatan *Fonologis*

Kalepatan *fonologis* gayut kalihan ngandharaken babagan kalepatan ing tataran fonetik saha fonemik, panaliten menika mratelakaken kalepatan fonem ingkang gayut kaliyan kalepatan panyerating panganggening huruf *kapital* saha huruf alit, panyerating *ejaan vokal* saha konsonan, panyerating tembung ingkang dipunwuwuhi saha dipunkirangi vokal saha konsonanipun.

3. Kalepatan *Morfologis*

Kalepatan *morfologis* inggih menika kalepatan ingkang gayut kalihan cara pandhapuking tembung (Pateda, 1989). Dene kalepatan ing tataran *morfologis* wonten panaliten menika mligi ngrembag panyerating tembung *klitika* saha tata tembung (proses *morfologi*) mliginipun ngengingi *afiksasi* (pengimbuhan utawi wuwuhan), *reduplikasi* (*pengulangan* utawi rangkep), saha *pemajemukan* (camboran).

4. Basa Jawi

Basa Jawi inggih menika minangka alat komunikasinipun masarakat suku Jawi (Mulyani, 2008: 45). Basa Jawi menika dipunginakaken wonten Yogyakarta, Jawa Tengah saha Jawa Timur, basa menika dipunginakaken daerah sanesipun wonten *Indonesia* ingkang wonten masarakat Jawinipun, saha wonten *Suriname*.

3. *Draft SMS UGM*

Draft SMS (saking basa Inggris: *Short Message Service*) *UGM* (*Universitas Gajah Mada*) inggih menika *akun* ingkang sampun dipundamel saking *mahasiswa UGM* ingkang gadhah ancas kangge *fasilitas* tiyang sami kirim- kirim salam, numpang curhat kanthi bebas minangka *anonim*. *Draft SMS UGM* menika gadhah anggota saking kalangan *mahasiswa* saking *jurusan* utawi *fakultas* ingkang beda-beda. *Draft SMS UGM* ingkang badhe dipunteliti inggih menika *postingan* utawi kiriman cariyos utawi *informasi* saking *mahasiswa- mahasiswa UGM* kaliyan sanesipun ingkang ginakaken basa Jawi.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Andharan Teori

1. Analisis Kalepatan Basa

Analisis kalepatan menika kadadosan saking kalih tembung, analisis saha kalepatan. Miturut Kamus Besar Bahasa Indonesia, tembung analisis tegesipun penyelidikan tumrap satunggaling prastawa (karangan, lelakon, saha sapanunggalanipun) kangge mangertosi kahanan ingkang sanyatanipun. Miturut Hastuti (2003: 45) ngandharaken bilih analisis tegesipun pirembagan, inggih ngawontenaken penyelidikan kanthi ancas manggihaken wosing perkawis ngantos dumugi dipunpendhet dudutan. Miturut Tarigan (1990: 141) kalepatan inggih menika sisi ingkang gadhah cacat wonten ujaran utawi seratan. Kalepatan kasebut minangka perangan- perangan *komposisi* ingkang nyimpang saking *norma baku* utawi norma kapilih saking *performansi* basa tiyang ageng.

Sami kaliyan pamanggihipun Nurgiyantoro (via Musrifah, 1999: 15) ingkang caos pangertosan babagan kalepatan saha kekeliruan inggih menika.

“Kesalahan (error) merupakan penyimpangan yang disebabkan kompetensi belajar, sehingga kesalahan- kesalahan itu biasanya bersifat sistematis dan konsisten pada tempat- tempat tertentu.”

Pamanggihipun Tarigan beda kalihan Hastuti, Hastuti (2003: 79) ngandharaken menawi kalepatan nedahaken ‘gelincir’, inggih menika tumindak ingkang dipunpelajari kirang pangatos-atos. Kalepatan menika adatipun dumados awit tiyang menika boten mangertos utawi boten mangertos menawi wonten norma ingkang kedah dipuntaati, saha saged ugi tiyang menika kesesa.

Kalepatan saged kemawon kadadosan wonten sedaya tataran *linguistik* wonten *fonologi*, *morfologi*, *sintaksis*, ugi *semantik*. Analisis kalepatan asring dipunccekak *anakes*. Analisis kalepatan ingkang dipunmaksud wonten ing panaliten menika analisis kalepatan panganggening basa. Analisis kalepatan miturut Hastuti (2003: 77) inggih menika satunggaling proses analisis adhedhasar kalepatan tiyang ingkang nyinaoni objek ingkang cetha. Pateda (1988: 34) ngandharaken menawi analisis kalepatan ingkang narik kawigatosan menika kalepatan ingkang sipatipun sistematis inggih menika kalepatan ingkang gayut kalihan perkawis kompetensi. Kompetensi ingkang dipunkajengaken inggih menika katrampilanipun tiyang ingkang micara utawi tiyang ingkang nyerat kangge ngandharaken salah satunggaling perkawis kanthi ngginakaken basa ingkang jumbuh kalihan kaidah basa. Basa ingkang dipunginakaken kangge wicantenan menika wujudipun tembung-tembung, saged ugi ukara

Kalepatan basa utawi “*language errors*” saged dipunkempalaken kanthi mawarni-warni cara gayut kalihan cara kita badhe ningali. Miturut Tarigan & Tarigan (1988: 196) unsur-unsur jenis kalepatan basa inggih menika:

- a. Kalepatan fonologi ngrembag babagan pelafalan saha ejaan panyerating swanten basa.
- b. Kalepatan morfologi ngrembag babagan tata pandhapuking tembung.
- c. Kalepatan sintaksis ngrembag tata ukara.
- d. Kalepatan leksikon (pamilihing tembung).

Kalepatan basa inggih menika penyimpangan wonten panganggening basa mawi lisan utawi sinerat. Wondene kalepatan basa ingkang dipuntliti wonten panaliten

menika inggih penyimpangan basa sinerat wonten kalepatan panganggening basa Jawi wonten *akun Draft SMS UGM aplikasi Line*.

Saking andharan menika, saged dipundudut menawi *analisis* kalepatan basa menika awujud ngempalaken kalepatan, *identifikasi* kalepatan, ngandharaken kalepatan, *klasifikasi* kalepatan, saha *evaluasi* saking kalepatan menika miturut tataran kalepatanipun. Jinis-jinis kalepatan basa ingkang dipuntliti wonten panaliten inggih menika kalepatan *fonologi* saha *morfologi*. Panganggening Basa Jawi ingkang boten leres inggih menika panganggening Basa Jawi ingkang boten trep kalihan kaidah-kaidah wonten andharan ing ngandhap menika.

2. Jinising Kalepatan Basa

a. Kalepatan *Fonologis*

Kalepatan *fonologis* miturut Pateda (1989: 50) inggih menika kalepatan ingkang gayut kaliyan *pelafalan* saha panyerating swanten basa. Tarigan saha Tarigan (1988: 196) ngandharaken menawi wonten analisis kalepatan *fonologi*, aspek ingkang dipunanalisis inggih menika pelafalan (pocapan) kangge basa lesan saha ejaan kangge wonten basa sinerat. Kalepatan ejaan inggih menika kalepatan anggenipun nyerat tembung saha kalepatan panganggening tandha waos. Fokus analisis kalepatan *fonologi* wonten panaliten inggih menika kalepatan anggenipun nyerat. Kalepatan *fonologi* miturut Hastuti (2003) inggih menika kalepatan ingkang wonten gayutipun kaliyan *pelafalan* (basa lisan) saha panyeratan swanten basa (basa sinerat). Kalepatan basa wonten tataran *fonologi* antawisipun inggih menika:

- 1) Aspek ewahing fonem
- 2) Tambahing fonem
- 3) Sudaning fonem

Kalepatan *ejaan* menika gayut kaliyan panyerating aksara *vokal* saha *konsonan*. Kalepatan *ejaan* saged ndadosaken lepat pamanggihing wonten makna tembung utawi ukara. Kalepatan *ejaan* miturut Pateda (1989) ngandharaken menawi tuladhanipun wonten panyerating tembung Romadhon. Kalepatan *ejaan* wonten tembung menika gayut kaliyan kalepatan panyerating *vokal* saha *konsonan*. Kalepatan *vokal* saged ketingal saking panyerating aksara [o] ingkang kedahipun ngginakaken aksara [a], salajengipun kalepatan *konsonan* ketingal saking panyerating *konsonan* [dh] ingkang leresipun ngginakaken [d].

Kalepatan *ejaan* ingkang gayut kaliyan panganggening *vokal*, *konsonan*, tegesipun panyerating *vokal*, *konsonan* wonten ing tembung ingkang uwal saking paugeranipun. Huruf *vokal* wonten basa Jawi inggih menika [a], [é], [e], [i], [o], [u]. kangge saperangan tembung, huruf *vokal* [é] dipunginakaken wonten tembung sepeda, Ananging saged ugi lira-liru kaliyan *vokal* [è] tuladha ing tembung leyehe-leyeh. Sasangka (2001), ngandharaken *vokal* basa Jawi menika wonten 7 inggih menika /a/, /ɔ/, /o/, /i/, /u/, /e/, saha /ə/. Pamanggihipun kalih ahli basa menika beda babagan panganggening *vokal* /a/ saha *vokal* /ɔ/. Miturut pamanggih Sasangka, *vokal* /ɔ/ boten sami kaliyan *vokal* /a/, amargi swanten /ɔ/ menika saged bedakaken wujud saha raosing tembung. Ananging wonten *ejaan* basa Jawi ingkang wujudipun sinerat menika naming ngginakaken *fonem* /a/ kemawon kangge negesaken *vokal* /a/ saha /ɔ/. Tegesipun *fonem* /a/ menika gadhah kalih *alofon* inggih menika /ɔ/ saha /a/.

Huruf *konsonan* ing basa Jawi menika wonten [b], [c], [d], [f], [g], [h], [j], [k], [l], [m], [n], [p], [q], [r], [s], [t], [v], [w], [x], [y], [z] saha gabungan huruf *konsonan* [dh], [kh], [ng], [ny], [sy], [th]. Sasangka ngandharaken jinising huruf *konsonan*

basa Jawi miturut asaling swanten inggih menika a) *konsonan bilabial*, ingkang kalebet wonten ing *konsonan bilabial* inggih menika [p], [b], [m], saha [w]. b) *konsonan dental* ingkang kaperang dados sekawan, *apicodental* swanten [d] saha [t], *apicoalveolar* [n], [l], saha [r], *apikopalatal* [ɖ] ing ejaan kaserat /dh/ saha [t] ingkang kaserat /th/, *laminoalveolar* inggih menika swanten [s]. c) *konsonan palatal*, inggih menika swanten [c], [j], [ɲ] utawi /ny/, saha [y]. d) *konsonan velar* [k], [g], [b], saha [ŋ] utawi /ng/. Kalepatan ejaan menika dipunkaandharaken wonten ngandhap menika.

a) Kalepatan panganggening vokal

Kalepatan panganggening *vokal* menika asring kapanggihaken wonten tembung-tembung ingkang awujud seratan amargi panganggening *vokal* ingkang uwal saking paugeran. Tuladhanipun panganggening *vokal* /a/ wonten ukara ‘*seng ngakune konco kentel*’. Kalepatan tembung **konco** ‘teman’ menika amargi pelafalan tembung kanthi lisan inggih menika [kɔncɔ].

1) *Vokal* /a/ dipunserat /o/

Vokal /a/ wonten ing basa Jawi gadhah 2 alofon inggih menika [a] wonten ing tembung mangan saha vokal [ɔ] wonten ing tembung apa. Alofon [ɔ] ugi wonten ing vokal /o/ satemah angel anggenipun mbedakaken. Panyerating vokal /a/ ingkang dipunserat /o/ kaandharaken wonten tuladha kasebut.

jam 9 punjul aku wis cepak, wis macak cover boy kae lur nganggo hem, kathokan jeans, nggo gelang, parfuman wis mbois lah pokoke mung kurang **nggowo** udut wis joss jane, tapi sayange aku ra udut. (D1, 01/01/17)

Tembung **nggowo** wonten data pethikan ukara ing nginggil menika tembung ingkang vocal /a/ alofon /o/ kalepatan kasebut amargi kaprabawan anggenipun nglafalaken vokal /a/ ingkang ewah wonten wiwit saha pungkasan wanda.

2) *Vokal /u/ dipunserat /o/*

Vokal /u/ wonten ing basa Jawi gadhah 2 alofon inggih menika [u] wonten ing tembung mambu saha alofon [U] wonten ing tembung mabur. Alofon [U] ungelipun meh sami kaliyan *vokal /o/*. Panyerating *vokal /u/* ingkang dipunserat */o/* kaandharaken wonten tuladha kasebut.

‘Wes seng tenanan ojo dinggo dolanan kuliah’e yo le/ **ndok**.’ (D19, 24/02/17)

Tembung **ndok** wonten ukara ing nginggil menika nglampahi kalepatan panyeratan fonem /u/ ingkang dipunserat */o/*. fonem /u/ wonten tembung kasebut gadhah alofon [U] ingkang ungelipun memper kalihan fonem */o/* ingkang gadhah alofon [ɔ].

3) *Vokal /i/ dipunserat /e/*

Vokal /i/ ingkang rumaket kalihan konsonan /h/, /s/, /n/, /w/ ing satunggaling tembung, ing pocapanipun dados */e/*. Tuladhanipun ing tembung **tebih, malih, kalih, luwih, pamanggih** nalika dipunpocapaken dados [təbeh], [maleh], [kaleh], [luweh], [pamaneh]. Panyerating *vokal /i/* dipunserat */e/* ugi kapanggihaken wonten ukara kasebut.

Iki mesti eneng oknum pembeli iseng **seng** nguyahi sambele. (D178, 27/03/17)

4) *Vokal /a/ dipunserat /e/*

Vokal /a/ wonten satunggaling tembung ing pocapanipun dados */e/*. Menawi dipunserat ugi dados ngginakaken basa ingkang boten baku. Tuladhanipun ing tembung kadadean, sanajan, sawatara nalika dipunpocapaken dados [kədadean], [sənanjan], [sawətərə].

b) **Kalepatan panganggening konsonan**

Kalepatan panganggening *konsonan* menika amargi anggenipun nyerat *konsonan* menika uwal saking paugeranipun, saengga saged ngrubah makna tembung. Tuladhanipun panganggening *konsonan /d/* wonten ukara ‘*Dieman*

*barang2 e ojek didekek sak enak e udeltu **dewe** rek*'. Tembung dewe menika lepat anggenipun nyerat. Tembung ingkang jumbuh kaliyan ukaranipun inggih menika [dewe] utawi dipunserat dhewe ingkang tegesipun 'diri/sendiri'.

1) *Konsonan /d/ dipunserat /dh/*

Wonten ing basa Jawi mbedakaken *konsonan /dh/* saha *konsonan /d/* beda kalihan basa Indonesia ingkang namung gadhah *konsonan /d/* kemawon. Wonten ing basa Jawi cara nglafalaken *konsonan /dh/* beda kalihan *konsonan /d/*. tuladhanipun wonten ing tembung **endhi**, *konsonan /dh/* menika lepat kedahipun dipunserat ngginakaken *konsonan /d/* ingkang gadhah teges 'mana'.

2) *Konsonan /dh/ dipunserat /d/*

Wonten ing basa Jawi mbedakaken *konsonan /dh/* saha *konsonan /d/* beda kalihan basa Indonesia ingkang namung gadhah *konsonan /d/* kemawon. Wonten ing basa Jawi cara nglafalaken *konsonan /dh/* beda kalihan *konsonan /d/*. tuladhanipun wonten ing tembung **dewe**, *konsonan /d/* menika kedah dipunserat ngginakaken *konsonan /dh/*.

3) *Konsonan /th/ dipunserat /t/*

Basa Jawi mbedakaken *konsonan /t/* saha *konsonan /th/*. *Konsonan* kalawau beda anggenipun nglafalaken saha anggenipun nyerat. Tuladhanipun wonten ing tembung **mesti**, *konsonan /t/* menika kedahipun dipunserat ngginakaken *konsonan /th/*.

4) *Konsonan /t/ dipunserat /th/*

Basa Jawi mbedakaken *konsonan /t/* saha *konsonan /th/*. *Konsonan* kalawau beda anggenipun nglafalaken saha anggenipun nyerat. Tuladhanipun wonten ing

tembung **bathin**, konsonan /th/ menika kedahipun dipunserat ngginakaken konsonan /t/. Wonten basa Jawi tembung bathin menika boten gadhah pangertosan.

5) *Konsonan /d/ dipunserat /t/*

Konsonan [t, d] wonten ing ngelmu *fonetik* kalebet wonten ing *konsonan hambat apiko-dental*. Mocopaken tembung ingkang gadhah konsonan [t, d] menika ing basa Jawi meh sami, menapa malih bilih konsonan menika minangka konsonan mati wonten ing pungkasaning tembung. Tuladhanipun wonten ing tembung **saged** ingkang dipunserat **saget**. Tembung ingkang sanesipun ugi kapanggihaken, inggih menika **reged** lan **cupet** panyerating tembung menika kadhang kala lepat dados **reget** lan **cuped**.

6) *Konsonan /g/ dipunserat /k/*

Konsonan [g, k] wonten ing ngelmu *fonetik* kalebet wonten ing *konsonan velar*. Mocopaken tembung ingkang gadhah konsonan [g, k] menika ing basa Jawi meh sami, menapa malih bilih konsonan menika minangka konsonan mati wonten ing pungkasaning tembung. Tuladhanipun wonten ing tembung **kretek** ingkang kedahipun dipunserat **kreteg**.

7) *Konsonan /w/ dipunserat /u/*

Konsonan /w/ wonten satunggaling tembung ing pocapanipun dados /u/. Menawi dipunserat ugi dados ngginakaken basa ingkang boten baku. Tuladhanipun ing tembung **swara**, **swasana**, **swarga** nalika dipunpocapaken dados [suara], [suasana], [suarga].

b. Kalepatan *Morfologis*

Miturut Ramlan (1997: 21) *morfologi* inggih menika saperangan saking ilmu basa ingkang nyinaoni wujud tembung sarta *pengaruh perubahan-perubahan wujud* tembung wonten golongan saha tegesipun tembung, utawi saged dipunandharaken menawi *morfologis* menika nyinaoni wujud tembung saha fungsi perubahan-perubahan wujud tembung menika, saged saking fungsi *gramatik* ugi fungsi *semantik*. Uhlenbeck (1982: 4) ngandharaken morfologi utamanipun nyinaoni korelasi sistematis wujud saha makna antawis tembung-tembung wonten basa. Adhedhasar *definisi* saking para ahli ing nginggil, kalepatan basa tataran *morfologis* menika ngandharaken kalepatan wonten tataran tembung. Kalepatan-kalepatan basa tataran *morfologis* menika saged kadadosan amargi saking maneka warni. Kangge mangertosi kalepatan-kalepatan wonten tataran *morfologis* menika saged dipunginakaken pandom *proses morfologis*.

Tarigan saha Lilis (1997: 132) ngandharaken menawi kalepatan basa *bidang morfologi* saged dipunkelompok dados kelompok *afiksasi*, *reduplikasi*, saha gabungan tembung utawi tembung majemuk. *Proses morfologis* menika ngrembag tata pandhapuking tembung kanthi wujud dasar *morfem leksikal* ingkang pandhapuking menika gadhah makna gramatikal saha asipat *terikat* (Sudaryanto, 1991: 18). Panaliten menika nliti prakawis kalepatan *morfologis* ingkang gayut kaliyan kalepatan panganggening ater-ater, panambang, wuwuhan, dwilingga (tembung rangkep), saha klitika. Kalepatan ater-ater kadosta panganggening ater-ater {sa-} dipunserat {sak-}, ater-ater {ma-} dipunserat {sa-}, kirang ater-ater {m-}, {n-}, {ng-}, saha tambahing ater-ater {m-}.

1. Kalepatan panganggening ater-ater

a) Ater-ater {sa-} dipunserat {sak-}

Panganggening ater-ater {sak-} saged dipuntingali wonten tuladha ukara kasebut.

(1) **Sakjane** aku yo wes cedak karo de'e.

(2) **Sakomah** lagi dolan neng pasar malem. 'Serumah lagi bermain ke pasar malam.'

Tembung **sakjane** wonten tuladha (1) saha tembung **sakomah** wonten tuladha (2) menika nglampahi kalepatan imbuhan ater-ater amargi panganggening ater-ater 'sak-'. Wonten basa Jawi ater-ater {sak-} menika boten wonten. Tembung **sakjane** kedahipun dipungantos **sajane**, saha tembung **sakomah** kedahipun **saomah**. Panyerating ater-ater saha tembung lingganipun kedah dipungandheng.

b) Ater-ater {N-} ingkang kirang trep

Panganggening ater-ater {N-} ingkang kirang trep saged dipuntingali wonten tuladha ukara kasebut.

"Kanggo ncegah Narkoba, kito kudu paham apa kui narkoba." 'Untuk mencegah adanya narkoba, kita harus paham apa itu narkoba.'

Tembung ncegah wonten tuladha ing nginggil nglampahi kalepatan imbuhan ater-ater. Tembung ncegah menika saking tembung lingga cegah menawi diseseli ater-ater {N-} utawi nasal dados tembung kriya. Imbuhan ater-ater nasal {N-} wonten tembung cegah menika kirang trep amargi boten gampil menawi dipunpocapaken. Ater-ater ny- menawi sumambung kaliyan tembung lingga ingkang wiwitan aksara c saha s, aksara c saha s menika luluh. Ater-ater nasal ingkang leres inggih menika {ny-} saengga wujudipun dados nyegah 'mencegah'.

c) Kirang ater-ater {n-}

Panganggening kirang ater-ater {n-} saged dipuntingali wonten tuladha ukara kasebut.

“ati ati yo lur nek duwe kanca tritipen”

Tembung duwe wonten tuladha ing nginggil kedahipun nglampahi kalepatan imbuhan ater-ater {n-}. Tembung duwe menika menawi diseseli ater-ater {n-} dados nduwe. Ananging menawi Tembung lingga ingkang aksara wiwitanipun *t* saha *th*, pikantuk ater-ater {n-}, aksara *t* saha *th* luluh.

Sasangka (2001: 36) ngandharaken bilih ater-ater menika afiks ingkang rumaket wonten kiwaning tembung utawi ngajeng tembung. Panyerating ater-ater ingkang leres menika tansah sumambung kaliyan tembung lingganipun. Jinising ater-ater inggih menika ater-ater anuswara, ater-ater a-, ka-, ke-, di-, sa-, pa anuswara-, pi-, pri-, pra-, tar-, kuma-, kami-, kapi-, saha ater-ater tripurusa. Wujuding ater-ater kalamangsanipun saged ngewahi tembung lingga ingkang dipungandheng.

2. Kalepatan Panganggening Panambang

a) Panambang {-e} dipunpisah

Panganggening panambang {-e} dipunpisah saged dipuntingali wonten tuladha ukara kasebut.

Tur eling mbak **kodrat e** awak dewe ki dadi wong wadon, ojo lali kewajibane neng pawon.

b) Panambang {-ake} lepat nyeratipun

Kalepatan panyerating panambang {-ake} menika lepat amargi fonem ingkang kedahipun boten luluh wonten proses afiksasi ananging dipunluluhaken.

Panganggening panambang {-ake} ingkang lepat nyeratipun saged dipuntingali wonten tuladha ukara kasebut.

Ida **digawaake** jeruk marang Paijo.

Tembung **digawaake** wonten ukara ing nginggil menika gadhah tembung lingga gawa saha pikantuk afiks di-/ake, sasampunipun nglampahi proses afiksasi tembung kasebut dados **digawakake**.

3. Kalepatan Panganggening Wuwuhan Sesarengan

Wuwuhan sesarengan menika wuwuhan ingkang awujud ater-ater saha panambang ingkang sumambung wonten ing tembung lingga kanthi sesarengan (Sasangka, 2001 : 75). Wuwuhan sesarengan menika kaperang dados kalih, inggih menika wuwuhan sesarengan rumaket saha wuwuhan sesarengan renggang.

a) {sa-/e} lepat ater-ater {sa-}

Panganggening wuwuhan {sa-/e} ingkang lepat panambangan {sa-} saged dipuntingali wonten tuladha ukara kasebut.

Dadi ki kanggo mbak mbake, pun monggo mbak mengejar cita-cita **sak dhuwur dhuwure**. (D3, 04/01/17)

b) {di-/i} dipunpisah panambang {-i}

Panganggening wuwuhan {di-/i} ingkang lepat panambangan {-i} saged dipuntingali wonten tuladha ukara kasebut.

Saranku wae, ojo lali **didelok ki** tanki bensin tasih ora isi bbm ee (D131, 17/02/17)

c) {di-/ake/-ke} dipunpisah ater-ater {di-}

Panganggening wuwuhan {di-/ake} ingkang lepat panambangan {di-} saged dipuntingali wonten tuladha ukara kasebut.

gunane aplikasi iki nggo koe men ono panduane sek arep **di cilikke/ di kencengke** ki bagian ndi nko ono.

4. Kalepatan Panyerating Tembung Rangkep

Kalepatan panyerating tembung rangkep ing panaliten menika dipunperang dados kalih inggih menika panyerating tembung rangkep ingkang kirang tandha panggandhengipun saha panyerating tembung rangkep ingkang dipunringkes ngginakaken angka kalih.

a) Kirang Tandha Panggandhengipun

Miturut aturan ingkang sampun wonten, inggih menika ing panyerating tembung rangkep antawisipun tembung ingkang dipunrangkep dipunwuwuhi tandha panggandheng.

Tuladha:

mubeng mubeng → mubeng-mubeng

barang barang → barang-barang

lirak lirik → lirak-lirik

b) Dipunringkes Ngginakaken Angka Kalih

Kalepatan panyerating tembung rangkep ingkang dipunringkes ngginakaken angka kalih kados pethikan ing ngandhap menika.

Awale suara iku pancaen **samar2** rek, sampek akhire koncoku ngroso gaenak dan memutuskan ndelok nang ngarep ono opo. D156, 02/03/17)

Tembung **samar2** ing pethikan ukara kasebut lepat wonten ing panyerating tembung rangkep ingkang dipunringkes ngginakaken angka kalih. Panganggening

angka kalih kasebut minangka tandha tembung rangkep. Panyerating tembung rangkep ingkang ngginakaken angka kalih kasebut boten jumbuh kalihan pandom ejaan basa Jawi ingkang dipunsampurnakaken.

5. Panyerating Klitika ingkang Boten Leres

Sasangka (2008:130) ngandharaken menawi klitika wonten basa Jawi dipunbedakaken dados kalih inggih menika proklitik saha enklitik. Proklitik inggih menika klitika ingkang mapan wonten wiwitan tembung ingkang awujud saking dak-(tak-) saha ko-(kok-). Menawi enklitik inggih menika klitika ingkang mapan wonten wingking tembung ingkang awujud saking –ku, -mu, saha –e. Panyerating klitika dipunrangkep kaliyan tembung kriya ingkang nututi. Panyerating klitika ingkang leres inggih menika sumambung kalihan tembung kriya ingkang nututi, kadosta wonten ukara kasebut.

“Aku ketemu karo **kanca ku** sing lagi neng Rumah Sakit.”

‘Aku bertemu dengan temanku yang sedang di Rumah Sakit.’

Tembung **kanca ku** menika panyerating tembungipun lepat. –ku kalebet wujud klitika inggih menika enklitik. Panyerating tembung ingkang leres supados dipunsambung dados kancaku.

Saking andharan ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih kalepatan panganggening basa wonten babagan *fonologis* saha *morfologis* mliginipun kalepatan wonten panganggening basa Jawi ngoko. Miturut Hastuti (2003: 79) ngandharaken bilih kalepatan ingkang dipungambaraken inggih menika gelincir awit saking kirang ngatos-atos panutur nalika nyerat.

Kangge mangertosi tata pandhapuking tembung saged ngginakaken pandom proses *morfologi*. Nurhayati (2001) ngandharaken proses *morfologi* menika wonten sekawan, inggih menika afiksasi (pengimbuhan utawi wuwuhan);

reduplikasi (pengulangan utawi rangkep); pemajemukan (camboran); saha ingkang pungkasan inggih menika proses perbuahan dalam (ewah-ewahaning *fonem*), peninggian *vokal* (nginggilaken *vokal*), sarta *pendiftongan*.

1) Proses Wuwuhan

Proses wuwuhan kaperang dados sekawan inggih meniak ater-ater (prefiks), seselan (infiks), saha wuwuhan sesarengan (konfiks).

a) Ater-ater (Prefiks)

Ater-ater (prefiks) inggih menika wuwuhan ingkang mapan ing sangajenging tembung (Sasangka, 1989: 31). Ater-ater ing basa Jawi cacahipun wonten kathah.

Tabel 1. Jinising Ater-ater

No.	Jinising Ater-ater	Wujudipun	Tuladha
1	2	3	4
1.	Ater-ater anuwara	{m-}	{m-} + balang = mbalang
		{n-}	{m-} + dudut = ndudut
		{ny-}	{ny-} + sapu = nyapu
		{ng-}	{ng-} + gandheng = nggandheng
2.	Ater-ater {a-} utawi bawa ha	{a-}	{a-} + wujud = awujud
		{ma-}	{ma-} + guru = maguro
		{mer-}	{mer-} + dhukun = merdhukun
3.	Ater-ater {ka-}	{ka-}	{ka-} + dudut = kadudut
4.	Ater-ater {ke-}	{ke-}	{ke-} + jepit = kejepit
5.	Ater-ater {dak-}, {kok-}, {di-}	{dak-}	{dak-} + tuku = daktuku
		{kok-}	{kok-} + siram = koksiram
		{di-}	{di-} + balang = dibalang
6.	Ater-ater {sa-}	{sa-}	{sa-} + piring = aspiring
7.	Ater-ater {pa-}	{pa-}	{pa-} + kerti = pakerti
8.	Ater-ater {pa-N} utawi pa- anuwara	{pam-}	{pam-} + panggih = pamanggih
		{pany-}	{pany-} + candra = panyandra
		{pang-}	{pang-} + ageng = pangageng
		{pan-}	{pan-} + deleng = pandeleng

Tabel salajengipun

1	2	3	4
9.	Ater-ater {pi-}	{pi-}	{pi-} + awon = piawon
10.	Ater-ater {pra-}	{pra-}	{pra-} + lambang = pralambang
11.	Ater-ater {pri-}	{pri-}	{pri-} + angga + priangga
12.	Ater-ater {tar-}	{tar-}	{tar-} + kadhang = tarkadhang
13.	Ater-ater {kuma-}	{kuma-}	{kuma-} + lancing = kumalancang
		{kami-}	{kami-} + tetep (en) = kamitetep(en)
		{kapi-}	{kapi-} + adreng = kapiadreng

Ater-ater anuswara {m-} menawi sumambung kalihan tembung lingga ingkang wiwitanipun aksara p saha w, aksara p saha w luluh. Tuladha: {m-} + pacul → atert-ater {n-} menawi sumambung kalihan tembung ingkang wiwitanipun aksara t saha th, aksara t saha th luluh. Tuladha: {n-} + tutup → nutup. Tembung lingga ingkang wiwitanipun mawi aksara s saha c menawi dipunwuwuhi ater-ater {ny-}, aksara kasebut luluh. Tuladhanipun: {ny-} + sapu → nyapu. Tembung lingga ingkang wiwitanipun k dipunwuwuhi ater-ater {ng-} aksara k dados luluh. Tuladha: {ng-} + kancing → ngancing. Dene menawi ater-ater {ng-} sumambung ing tembung lingga setunggal wanda, ater-ater {ng-} dados {nge}. Tuladha: {ng-} + cet → ngecet.

Ater-ater {ke-} menawi sumambung kalihan tembung lingga ingkang purwanipun aksara b, d, dh, saha g, ater-ater {ke-} kadhang kala lira-liru kalihan {ge-}. Tuladha: kegebug = gegebug. Dene ater-ater {dak-}{kok-} kadhang kala lira-liru kalihan {tak-} saha {mbok-} utawi {tok-}.

b) Seselan (Infiks)

Miturut Sasangka (1989: 43) seselan inggih menika wuwuhan ingkang mapan wonten tengah tembung. Wujud seselan ing basa Jawi inggih menika {-um-}, {-in-}, {-er-}, saha {-el-}.

Tabel 2. Jinising seselan

No.	Jinis	Wujud	Tuladha
1	2	3	4
1.	Seselan –um-	-um-	gantung + (-um-) → gumantung
2.	Seselan –in-	-in-	sawang + (-in-) → sinawang
3.	Seselan –er-	-er-	gandhul + (-er-) → gerandhul → grandhul
4.	Seselan –el-	-el-	gebyar + (-el-) → gelebyar → glebyar

Seselan –um- menawi dumunung wonten ing satengahing tembung lingga ingkang wiwitanipun aksara *p*, aksara *p* menika malih ewah dados *k*. Tuladha **pinter + (-um-) → puminter → kuminter**. Dene tembung lingga ingkang wiwitanipun saking aksara *b* lajeng pikantuk seselan –um-, aksara *b* menika malih ewah dados *g*. Tuladhanipun, **bagus + (-um-) → bumagus → gumagus**.

c) Panambang.

Miturut Sasangka (2001: 56), panambang inggih menika wuwuhan ingkang mapan wonten ing wingking tembung. Panyeratipun kedah rumaket tembung ingkang wonten ing sisih kiwanipun saha mboten kepareng dipunpisah. Wonten ing basa Jawi panambang menika cacahipun kathah, inggih menika *-i*, *-a*, *-e*, *-en*, *-an*, *-na*, *-ana*, *-ane*, saha *-ake*.

Tabel 3. Jinising panambang

No.	Jinis	Wujud	Tuladha
1	2	3	4
1.	Panambang -i	-i	thuthuk + -i → thuthuki
2.	Panambang -a	-a	turu + -a → turua
3.	Panambang -e	-e	bathuk + -e → bathuke
4.	Panambang -en	-en	guwang + -en → guwangen
5.	Panambang -an	-an	tandur + -an → tanduran
6.	Panambang -na	-na	tutup + -na → tutupna
7.	Panambang -ana	-ana	tulis + -ana → tulisana
8.	Panambang -ane	-ane	jiwit + -ane → jiwitane
9.	Panambang -ake	-ake	pamer + -ake → pamerake

Panambang *-i* ingkang sumambung kaliyan tembung lingga ingkang pungkasanipun *vokal*, panambang *-i* ewah dados *-ni*. Dene tembung lingga ingkang kasara pungkasan menika vokal *i*, aksara menika ewah dados *e*. Tembung lingga ingkang aksara pungkasan menika vokal *u*, aksara menika ewah dados vokal *o*.

d) Wuwuhan Sesarengan

Wuwuhan sesarengan menika wuwuhan ingkang awujud ater-ater saha panambang ingkang sumambung wonten ing tembung lingga kanthi sesarengan (Sasangka, 2001 : 75). Wuwuhan sesarengan menika kaperang dados kalih, inggih menika wuwuhan sesarengan rumaket saha wuwuhan sesarengan renggang.

Tabel 4. Jinising wuwuhan sesarengan

No.	Jinis	Wujud	Tuladha
1.	Wuwuhan sesarengan rumaket	ka-an	ka + lepat + -an = kalepatan ka + sugih + -an = kasugihan ka + laku + -an = kalakon
2.		ke-en	ke + kandel + -en = kekandelen ke + abot + -en = kaboten

3.		ken-en	kem- + pinggir + -en = keminggiren ken- + dhodhok + -en = kendhodhoken keng- + wetan + -en = kengetanen
4.		pan-an	Pa- + adu + -an = padon Pa- + karya + -an = pakaryan Pan- + tutup + -an = panutupan
5.	Wuwuhan sesarengan renggang	n-i	m- + paku + -i = Makoni m- + bungkus + -i = mbungkusi n- + tetep + -i = netepi ng- + goreng + -i = nggorengi ny- + sebar + -i = nyebari
6.		n-a	m- + bukak + -a = mbukaka n- + tuku + -a = nukua
7.		n-e	m- + lebu + -e = mlebune n- + jogged + -e = njogede
8.		n-ake	m- + babar + -ake = mbabarake n- + tuku + -ake = nukokake ny- + cekel + -ake = nyekelake
9.		n-ana	ng- + liwat + -ana = ngliwatana ny- + cedhak + -ana = nyedhakana
10.		dak-i kok-i di-i	dak- + tangis + -i = daktangisi kok- + tangis + -i = koktangisi di- + tangis + -i = ditangisi
11.		dak-ake kok-ake di-ake	Dak- + sebar + -ake = daksebarake Kok- + tandur + -ake = kuktandurake di- + sapu + -ake = disapokake
12.		di-i	di- + tulis + -i = ditulisi

2) Tembung Rangkep (Reduplikasi)

Tembung rangkep inggih menika tembung ingkang dipunrangkep, saged kanthi sebagean utawi karangkep wetah. Wonten ing basa Jawi, tembung rangkep menika kaperang dados tiga, inggih menika *dwipurwa*, *dwilingga* saha *dwiwasana* (Sasangka, 2001: 90).

a) Dwipurwa

Dwipurwa menika dumados saking tembung ingkang wanda kapisan dipunrangkep. tegesipun, ingkang dipunrangkep inggih menika purwanipun tembung lingga. Tuladhanipun kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Laku → **la + laku** → **lalaku** → **lelaku**

Reged → **re + reged** → **rereged**

Tuku → **tu + tuku** → **tutuku** → **tetuku**

Tembung dwipurwa ingkang kadamel saking purwanipun wanda awujud aksara *vokal [a]* asiling ingkang karangkep ewah dados *[e]*, *[u]* ewah dados *[ê]*.

b) Dwilingga

Tembung dwilingga inggih menika tembung lingga ingkang dipunrangkep. Anggenipun ngrangkep tembung menika wonten ingkang wetah, wonten ugi ingkang dipunrangkep mawi ewah-ewahaning swanten ingkang asring kasebut dwilingga salin swara.

watuk → **watuk-watuk** (dwilingga)

watuk → **wotak-watuk** (dwilingga salin swara)

celuk → **celuk-celuk** (dwilingga)

celuk → **celak-celuk** (dwilingga salin swara)

c) Dwiwasana

Dwiwasana menika tembung ingkang ngrangkep pungkasaning tembung lingga. Tegesipun wanda wonten ing pungkasaning tembung lingga ingkang karangkep. Tuladhanipun wonten ing ngandhap menika.

Cenges → cengesnges → cengenges

Cekak → cekakkak → cekakak

3) Tembung Camboran

Sasangka (2001 : 95) nerangaken bilih tembung camboran utawi tembung majemuk inggih menika tembung kalih utawa langkung ingkang dipungandheng dados setunggal saengga tembung kala wau dados tembung enggal ingkang gadhah teges enggal ugi. Tegesipun enggal inggih menika teges saking tembung camboran menika beda kalihan teges tembung lingganipun. Jinising tembung camboran menika wonten kalih, inggih menika camboran wetah kalihan camboran tugel.

Camboran wetah inggih menika tembung camboran ingkang asalipun saking tembung-tembung ingkang wetah lajeng dipungandheng. Tuladhanipun kados makaten.

Lare + angon → lareangon

Tepa + slira → tepaslira

Tindak + tanduk → tindaktanduk

Raja + lele → rajalele

Camboran tugel inggih menika tembung camboran ingkang dumados saking tembung wetah kalihan tembung wacahan utawi dipunsebut wacahan sesisih. Utawi saged ugi dumados saking tembung wacahan kalihan tembung wacahan ingkang kagandheng, dipunsebut wacahan kabeh.

Tuladhanipun kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Wancahan sesisih : **bolu + emprit → bolumprit**

Wancahan kabeh : **idu + abang → dubang**

C. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kalihan panaliten ingkang badhe dipunlampahi inggih punika:

1. Panaliten “Kalepatan *Fonologis* saha *Morfologis* Basa Jawi ing *Subtitle* Film Korea *Spy Girl*” dening Nugraheni Sri Purwanti 2013.

Panaliten ingkang jumbuh kalihan panaliten ingkang badhe dipunlampahi inggih menika panaliten kanthi irah- irahan “Kalepatan *Fonologis* saha *Morfologis* Basa Jawi ing *Subtitle* Film Korea *Spy Girl*”. Panaliten menika dipuntindakaken dening Nugraheni Sri Purwanti minangka skripsi Jurusan *Pendidikan Basa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta* taun 2013. Panaliten menika panaliten Kalepatan ngginakaken basa Jawi ingkang ngandharaken kalepatan tataran *fonologi* saha *morfologi*. Bedanipun, panaliten ingkang badhe dipunlampahi namung nliti tataran morfologi. Beda sanesipun inggih wonten objek panalitenipun, panaliten ingkang dipuntindakaken dening nugraheni Sri Purwanti menika objekipun teks *subtitle* film Korea *Spy Girl*, menawi panaliten ingkang badhe dipunlampahi objekipun saking pesan *Draft SMS UGM akun aplikasi Line*.

2. Panaliten “*Kesalahan Berbahasa Jawa Tataran Morfologi pada Karangan Siswa Kelas VIII SMP Negeri 2 Bantarkawung*” dening Tri Anjani 2011.

Panaliten ingkang jumbuh kalihan panaliten ingkang badhe dipunlampahi inggih menika panaliten kanthi irah- irahan “*Kesalahan Berbahasa Jawa Tataran Morfologi pada Karangan Siswa Kelas VIII SMP Negeri 2 Bantarkawung*”.

Panaliten menika dipuntindakaken dening Tri Anjani minangka skripsi *Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Semarang* taun 2011. Panaliten menika sami- sami panaliten kalepatan ngginakaken basa Jawi ingkang ngandharaken kalepatan tataran *morfologi*. Bedanipun panaliten ingkang dipuntindakaken dening Tri Anjani menika objekipun karangan siswa, menawi panaliten ingkang badhe dipunlampahi objekipun saking pesan *Draft SMS UGM akun aplikasi Line*.


C. Nalaring Pikir

Tembung minangka unsur dhasar kangge ngandharaken gagasan. Pamilihing tembung ingkang trep menika saged ndamel tiyang ingkang mirengaken utawi maos saged nampi andharan. Kemajengan jaman modern menika andadosaken tiyang gampil anggenipun badhe ngandharaken gagasan utawi pamanggih. Jaman samenika tiyang langkung remen ngandharaken gagasan utawi pamanggihipun kanthi ginakaken *media sosial*. *Line* minangka salah satunggaling *media sosial* ingkang kathah dipunginakaken dening masyarakat, khususipun *mahasiswa*. Basa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken gagasan menika werni- werni.

Tumindak anggenipun ngandharaken gagasan ingkang boten atos- atos saged ndadosaken tumindak ingkang nyimpang. Pamilihane tembung supados ginakaken tembung ingkang jumbuh kalihan aturan ingkang sae supados boten wonten kalepatan. Kalepatan menika andadosaken prekawis ingkang boten jumbuh kaliha aturan baku. Panaliten menika gadhah ancas kangge manggihaken kalepatan, mantha-mantha, saha ngleresaken tembung- tembung ingkang lepat. Panaliten menika kanthi irah- irahan “Kalepatan Panganggening Basa Jawi wonten *Akun Draft SMS UGM Aplikasi Line* Januari-Maret 2017”. Prekawis ingkang badhe dipuntliti saha dipunandharaken inggih menika gayut kalihan kalepatan *fonologis* saha kalepatan *morfologis*.

Analisis kalepatan *fonologis* basa Jawi menika gayut kalihan panyerating *ejaan vokal* saha *konsonan*, panyerating tembung ingkang dipunwuwuhi saha utawi dipunkirangi *vokal* saha *konsonan*ipun. Dene analisis kalepatan *morfologis* basa Jawi menika gayut kalihan tata pandhapuking tembung, inggih menika ngrembag kalepatan wonten proses wuwuhan, proses *reduplikasi*, saha proses camboran, ugi ngrembag panyerating tembung *klitika*.

Bagan Nalaring Pikir.



BAB III

METODE PANALITEN

Salebeting bab tiga menika badhe ngandharaken metode panaliten ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika. Bab metode panaliten ngrembag babagan jinising panaliten, data saha sumber data, piranti panaliten, cara ngempalaken data, cara nganalisis data saha cara ngesahaken data. Babagan metode panaliten kaandharaken wonten ngandhap menika.

A. Jinising Panaliten

Panaliten kanthi irah-irahan Kalepatan Panganggening Basa Jawi wonten *pesan Akun Draft SMS UGM Aplikasi Line Januari-Maret 2017* menika kalebet panaliten *deskriptif*. Ancasipun panaliten menika kangge deskripsikaken kahanan alamiah kalepatan *fonologis* saha *morfologis* wonten *pesan Akun Draft SMS UGM*. Kalepatan *fonologis* menika dipuntinjau saking kalepatan *ejaan*. Khususipun saking wujud kalepatan *morfologis* kalepatan wonten proses wuwuhan, proses reduplikasi, saha proses pemajemuk.

B. Data saha Sumber Panaliten

Data ingkang badhe dipunginakaken wonten panaliten inggih menika tembung- tembung basa Jawi ingkang lepat wonten perangan *fonologis* saha *morfologis* wonten *pesan akun Draft SMS UGM Aplikasi Line*. Panaliten mendhet data saking *pesan akun Draft SMS UGM aplikasi Line* amargi wonten akun menika kathah *mahasiswa* ingkang ngandharaken gagasanipun ginakaken basa Jawi. Basa Jawi ingkang dipunginakaken wonten *Draft SMS UGM* inggih menika basa Jawi padintenan gumantung kaliyan tiyang ingkang ngersakaken.

C. Caranipun Ngempalaken *Data*

Cara ngempalaken *data* ingkang dipunginanaken wonten panaliten inggih menika kanthi cara maos saha nyerat ingkang dipuntindhakaken dening panaliti piyambak. Maos kanthi tliti pesan-pesan wonten *Draft SMS UGM* ingkang ginakaken basa Jawi. Panaliti maos kangge manggihaken tembung- tembung ingkang lepat. Panaliti ugi suka tandha tembung-tembung ingkang kirang trep utawi lepat. Teknik panyerating kangge nyerat tembung-tembung ingkang ngemot kalepatan *fonologis* saha *morfologis*. Teknik panyerating ingkang dipunginakaken awujud nyerat wonten kertu data lajeng dipunpantha-pantha miturut kalepatan tataran *fonologis* saha *morfologis*.

Data-data ingkang sampun dipunpantha-pantha menika, salajengipun dideskripsikaken miturut interpretasi saha pangretosan paneliti. Deskripsi dipunlampahi saha dipunandharaken kanthi runtut. Saking pendeksripsian samangke, salajengipun dipundamel dudutan. Cak-cakan ngempalaken data wonten panaliten kaandharaken wonten ngandhap menika.

1. Nyamektakaken sumbering data panaliten ingkang awujud seratan wonten foto *screenshoot*.
2. Panaliti maos seratan wonten foto *screenshoot* saha manggihaken tembung-tembung ingkang lepat babagan *fonologis* saha morfologinipun wonten seratan kasebut. Maos menika kedah kanthi tliti saha cermat supados data ingkang badhe dipuntliti menika saged valid wonten poto *screenshoot*.

3. Salajengipun suka tandha tembung-tembung ingkang lepat wonten perangan *fonologis* saha *morfologis*, *pesan* ingkang boten lepat ing perangan *fonologis* saha *morfologis* boten dipunginakaken (*data dipunreduksi*).
4. Data kalepatan *fonologis* saha *morfologi* ingkang sampun kapanggihaken supados dipunserat tembung-tembung ingkang lepat kasebut saha dipunlebetaken wonten kertu data. Data ingkang dipunserat menika tata panyerating sami kaliyan ingkang wonten seratan foto *screenshoot*.
5. Salajengipun dipunklasifikasi miturut jinising kalepatan *fonologis* ingkang kalebet kalepatan *ejaan*, kalepatan *morfologis* inggih menika kalepatan *afiksasi*, ulang, saha pemajemuk.

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten inggih menika piranti ingkang dipunbetahaken supados gampil anggenipun ngempalaken data (Arikunto, 1995: 134). Piranti panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten *human instrument*. Panaliten minangka *human instrument* menika gadhah ancas kangge madosi dhata-dhata ingkang badhe dipunteliti kangge panaliten menika. Miturut Bogdan saha Biklen wonten Djuanaidi Ghony saha Fauzan Almanshur (2012: 95-96) ngandharaken bilih human instrument inggih menika panaliti dipunpadosaken piranti kangge ngempalaken dhata utama. Panaliti minangka *human instrument* menika kedah gadhah ngelmu kangge ngemapaaken data. Ngelmu kalawau saged kapendhet saking teori-teori ingkang sampundipunsinau dening panaliti.

Teori-teori ingkang dipunbetahaken kangge nganalisis panaliten menika gayut kaliyan *fonologi* saha *morfologi* basa Jawi. Panaliten human instrument minangka panaliten piyambak menika dipunbantu kaliyan kertu *data*. Pamilihing

kertu *data* wonten panaliten menika amargi dipunginakaken kangge nyerat data ingkang sampun kapanggihaken. Wonten kertu *data*, *data-data* ingkang lepat perangan *fonologis* saha *morfologis* kasebut dipunpantha-pantha miturut jinising kalepatan. *Data* dipunanalisis kanthi dipunjumbuhakken kalihan teori ingkang sampun kaandharaken wonten gegaran teori.

Kertu data minangka sarana kangge nggampilaken *pencatatan data*, pangempalan data, pengelompokan saha *analisis* data inggih menika kalebet *ejaan*, *afiks*, ulang, saha majemuk. Tuladha kertu data kados ing ngandhap menika.

Tabel 5. Tuladha format kertu dhata analisis *fonologi* saha *morfologi*.

No. Data/ ukara	1
Sumber Data	D1, 01-02
Data	Aku pengen melu2 curhat babagan katresnan, lur.
Analisis	Jinis Kalepatan : Reduplikasi tembung lingga utuh. Wujud Kalepatan: <u>melu2</u> . Reduplikasi tembung lingga jangkep saha antawis kalih unsur dipunsuka tandha hubung (-). Panyerating tembung ingkang leres inggih menika <u>melu-melu</u> .

Katrangan:

No. Data : angka ingkang dipunginakaken kangge nengeri urutaning tembung ingkang lepat adhedhasar jinising kalepatan.

Sumber data : D1 menika tegesipun data no setunggal, inggih menika asiling postingan cariyos ingkang kapisan. U2 menika ukara no kalih ingkang dipunserat wonten ing data kapisan.

Data : tembung-tembung ingkang lepat miturut pandom *morfologis* wonten ing setunggal ukara.

Analisis : analisis kalepatan *morfologis* ingkang kapanggihaken wonten ing satunggal ukara.

E. Caranipun Nganalisis Data

Caranipun nganalisis *data* wonten panaliten menika ngginakaken analisis *deskriptif*. Analisis *deskriptif* menika gadhah ancas kangge ngandharaken sedaya *data* ingkang awujud kalepatan *fonologis* saha *morfologis* wonten *Draft SMS UGM*. Caranipun nganalisis *data* cak-cakanipun wonten ngandhap menika.

1. Maos kanthi nganalisis *data* ingkang sampun dipunkempalaken saha dipunserat wonten kertu *data*.
2. Panyeratan saking *pesan Draft SMS UGM* ingkang boten lepat wonten perangan *fonologis* saha *morfologis* boten dipunginakaken saengga boten dipunpilih.
3. *Data* ingkang sampun dipunserat lajeng dipunanalisis miturut teroi para ahli babagan *fonologis* saha proses *morfologis*. Kalepatan *fonologis* gayut kalihan kalepatan *ejaan*. Kalepatan *morfologis* gayut kalihan kalepatan panyerating tembung saha proses pandhapuking tembung. Kalepatan panyerating tembung gayut kalihan panyerating ancer-ancer saha klitika. Proses pandhapuking tembung gayut kalihan proses wuwuhan, proses *reduplikasi* (pengulangan/rangkep), saha proses *pemajemuk* (camboran).

4. Asil ingkang sampun dipunpanggihaken salajengipun dipunpantha-pantha wonten tabel analisis *data*.
5. Sasampunipun, damel dudutan saking asil analisis ingkang arupi kalepatan panyerating tembung saha proses pandhapuking tembung. Dudutan dipunandharaken kanthi rinci mawi analisis ingkang cetha.

Tabel 6. Analisis Data

No .	Tuturan	Jinis Kalepatan Fonologis						Jinis Kalepatan Morfologis				Andharan
		Silabisasi				Ejaan		Tata Tembung				
		(+) V	(-) V	(+) K	(-) K	PV	PK	W	R	C	Klitika	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13
1.												

Katrangan:

(+): Dipuntambah

(-) : Dipunkirangi

V : Vokal

K : Konsonan

P : Panyerating

W : Wuwuhan

R : Reduplikasi (tembung rangkep)

C : Camboran

E. Validitas saha Reliabilitas Data

Caranipun ngesahaken *data* wonten panaliten menika ngginakaken *uji validitas* saha *uji reliabilitas*. Uji *validitas* wonten panaliten menika ngginakaken *triangulasi* teori saha *expert judgment*. Triangulasi teori inggih menika anggenipun ngempalaken data adhedhasar teori ingkang beda utawi nganalisis data ingkang sami kalihan teori ingkang beda (Setiyadi, 2006: 32).

Dene wonten panaliten menika validitas triangulasi teori ingkang dipunginakaken gayut kaliyan teori kalepatan *fonologi* saha *morfologi*.

Lajeng *expert judgment* ing panaliten menika dipuntindakaken kanthi cara konsultasi kalihan tiyang ingkang ahli, ahli ingkang dipunkajengaken ing panaliten menika dosen pembimbing. Dene cara ngesahaken data ing panaliten menika ngginakaken *reliabilitas*, mliginipun *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas* inggih menika cara nguji data panaliten kanthi tliti. Ancas saking *reliabilitas stabilitas* inggih menika kangge nliti malih *data* ingkang sampun dipunpendhet saking *akun Draft SMS UGM Line* menika. *Uji reliabilitas stabilitas* menika dipunlampahaken kanthi ngambali *data* ingkang sampun kapanggihaken kaping kathah saha kasilipun tetep sami.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Asil saking panaliten menika ngandharaken wujud kalepatan *fonologis* saha *morfologis* basa Jawi wonten *Akun Draft SMS UGM Aplikasi Line*. Kalepatan ingkang dipunpanggiaken nalika nliti kalamangsanipun boten namung setunggal bab, ananging saged ugi ngemot langkung saking setunggal kalepatan ingkang medal saking *fonologis* saha *morfologis*. Pramila panaliten ingkang dipunrembag inggih menika babagan kalepatan tembung ingkang jumbuh kalihan panaliten menika. Asiling panaliten dipunandharaken wonten ing tabel ing ngandhap menika.

Tabel 7. Kalepatan Fonologis basa Jawi wonten *Akun Draft SMS UGM Aplikasi Line*.

No.	Jinis Kalepatan	Wujud Kalepatan	Indikator
1	2	3	4
A.	Fonologis	a. Panambahing Vokal (+) e	Tulisanee digawe gede cilik campur angka marai le maca ngasi kriting matane. (D89, 17/01/17) - Tulisanee → tulisane (+) e
		(+) a	Awale suara iku pancaen samar2 rek, sampek akhire koncoku ngroso gaenak dan memutuskan ndelok nang ngarep ono opo. (D156, 02/03/17) - Pancaen → pancen (+) a
		b. Panambahing konsonan (+) n	Wong2 sing do kerjo sibuk ning kuto2 gede ratau nemoni mbokne do bali nang ndeso 2 sungkeman karo sanak sedulur. (D36, 05/01/17) - ndeso → desa (+) n

1	2	3	4
		(+) m	Mbiyen aku wis tau seneng karo wong tapi meneng2 ngono. (D73, 15/01/17) - mbiyen → biyen (+) m
		(+) w	Aku iki sakjane uwong sing muwales moco buku. (D92, 19/01/17) - muwales → males (+) w
		(+) k	Usahakkee manut sing ditentuke yoo lur neg ora kuat yo wes sakmampune . (D115, 03/02/17) - sakmampune → samampune (+) k
		a. Kirang vokal (-) a	Magetan – jogja ki yo adoh lur... ojo mbok bandingke Bantul-parangtritis sik ngesot we tekan. (D3, 01/01/17) - we → wae (-) a
		(-) e	Jaman saiki opo2 larang lur opo2 mbayar koe urip ning jaman koyo ngene iki meh nggolek sing jnenge gratis angel lur. (D34, 05/01/17) - Jnenge → jenenge (-) e
		(-) u	Dalan kono iku ciut mass neg aq minggir2 kepleset terus kecemplong kalen pie mas.. (D120, 14/02/17) - Aq → aku (-) u
		b. Kirang konsonan (-) n	Tapi tak dinyana nyana lur tekane mlebu jawa barat ki jebul yo ttep macet dowo bget lur, (D37, 05/01/17) - Bget → banget (-) n
		(-) w	Senajan raiso garap aku yo tep ethel, hla wong jare kanca2ku dosen kui murah biji, aku yo wis usaha ra ketang sinau model sks. (D54, 09/01/17) - Kui → kuwi (-) w

1	2	3	4
			Pake aplikasi android “30 Day Fitness Challenge” nahh gunane aplikasi iki nggo koe men ono panduane sek arep di cilikke/ di kencengke ki bagian ndi nko ono.(D12, 03/02/17) - Koe → kowe (-) w
		(-) y	Mosok nek enggok2an macet kok sampean nyuruput dalan.e wong mass.(D118, 14/02/17) - Sampeyan → sampeyan (-) y Dalan kono iku ciut mass neg aq minggir2 kepleset terus kecemplong kalen pie mas.. (D120, 14/02/17) - Pie → piye (-) y
		(-) k	Saranku wae, ojo lali didelok ki tanki bensin tasih ora isi bbm ee (D131, 17/02/17) - Tasih → taksih (-) k
		a. Lepat ejaan vokalipun /a/ dipunserat /o/	Kanca2ku durung do teko. (D20, 02/01/17) - Teko → teka o → a Aku iki sakjane uwong sing muwales moco buku. (D92, 19/01/17) - Moco → maca o → a
		/a/ dipunserat /e/	Senajan raiso garap aku yo tep ethel, hla wong jare kanca2ku dosen kui murah biji, aku yo wis usaha ra ketang sinau model sks. (D54, 09/01/17) - Senajan → sanajan e → a
		/i/ dipunserat /e/	Mung nang njobo wae ketoke kuat, pecicilan, akeh polahe, opo maneh nek wes debat tim bola, wes gak bakal ono sing gelem ngalah. (D70, 15/01/17) - Wes → wis e → i

1	2	3	4
		/u/ dipunserat /o/	Dalan kono iku ciut mass neg aq minggir2 kepleset terus kecemplong kalen pie mas.. (D120, 14/02/17) - Kecemplong → kecemplung o → u
		/o/ dipunserat /u/	Iso nasehati kue , iso ndungokke nasihat saka awakmu. (D137, 21/02/17) - Kue → kowe u → o Eleng duto mas melbu neroko panas. (D163, 02/03/17) - Dusa → dosa u → o
		b. Ejaan lepas konsonanipun /dh/ dipunserat /d/	Ya Allah yen kelingan wis prindang prinding dewe aku lur. (D17, 02/01/17) - dewe → dhewe dh → d
		/w/ dipunserat /u/	Lagi oleh telung kursi ujug2 aku krungu suoro bolpen tibo, ora let suwi kertas hvs nang pojokan mejo lab do tibo berhamburan. (D21, 02/01/17) - suoro → swara u → w
		/t/ dipunserat /th/	Senajan raiso garap aku yo tep ethel , hla wong jare kanca2ku dosen kui murah biji, aku yo wis usaha ra ketang sinau model sks. (D54, 09/01/17) - ethel → etel th → t
		/th/ dipunserat /t/	Seng ngakune konco kentel . (D113, 02/02/17) - kentel → kenthel t → th
		/d/ dipunserat /t/	Mas, nek numpak motor ki birik2 wae saget mboten. (D13, 14/02/17) - saget → saged t → d
		/d/ dipunserat /h/	Padahal aku ki hurung adus hurung mulih opo opo kawit esuk neng kampus. (D130, 17/02/17) - hurung → durung h → d
		/g/ dipunserat /k/	Suwun mas wis ngajak mabur marak awan, nanging kok ujuk ujuk mbok cul. (D133, 21/02/17)

1	2	3	4
			- ujuk ujuk → ujug-ujug k → g
B.	Morfologis	a. ater-ater - {dak-, kok-, di-}	Tapi yo yen di etung2 aku ttp rugi wong sik urun tuku jagunge ki aku. (D10, 01/01/17) - di etung2 ← dietung-etung
		b. Panambang - {-e}	Kepepet e takon mbah gugel kui. (D57, 11/01/17) - kepepet e ← kepepete Wes seng tenanan ojo didinggo dolan kuliah'e yo le/ ndok. (D145, 24/02/17) - kuliah'e ← kuliahe (panyeratipun dipungandheng)
		- {-en}	Dol2 en kono wes mas helme tapi lek iso ojkk diulang maneh. (D162, 02/03/17) - Dol2 en ← dol-dolen (panyeratipun dipungandheng)
		c. Wuwuhan sesarengan - {dak-ke}/ {tak-ke}	Novel kui tak selehke meneh ning panggone mau. (D100, 19/01/17) - tak selehke ← takselehke (panyeratipun dipungandheng)
		- {dak-i}/ {tak-i}	Cowok sing tak senengi saiki (sebut wae tulip) yo disenengi karo kancaku. (D79, 15/01/17)
		- {di-i}	Ojo do kemaki yo lur... di delok ki ra kepenak.. laky o mending sik prasojo ae... kalem, ben urip tansah ayem lan tentrem tur ojo lali mesem. (D91, 17/01/17) - di delok ki ← dideloki (panyeratipun dipungandheng) Saranku wae, ojo lali didelok ki tanki bensin tasih ora isi bbm ee (D131, 17/02/17)

1	2	3	4
			- didelok ki ← dideloki (panyeratipun panambang i dipungandheng)
		d. tembung rangkep - (-) tandha panggandheng	Nek mlaku sembari lirak lirik yo neng trotoar wae, ojo neng dalan aspal. (D123, 15/02/17) - lirak lirik ← lirak-lirik (kirang tandha panggandheng (-))
		- dipunringkes ngginakaken angka kalih	Siji meneh mbak mushola kui tempat sholat lek gojekan ojo banter2 , marai aku anggone sholat tergoda suara cemprengmu. (D109, 25/01/17) - banter2 ← banter-banter (tembung rangkep dipunserat jangkep saha dipunwuwuhi tandha panggandheng (-))
		e. panyerating tembung klitika	Wektu aku mulih seko kampus lebar rapat sebelah speedo meter motor ku ki wus ning ngisor E ngunu kuwi. (D124, 17/02/17) - motor ku ← motorku (panyeratipun dipungandheng)

Adhedhasar tabel ing nginggil saged dipunmangertosi bilih wonten seratan *Akun Draft SMS UGM Aplikasi Line* lepat ing perangan *fonologis* saha *morfologis*. Kalepatan *fonologis* inggih menika gayut kalihan panyerating tembung ingkang kapanggihaken wonten panaliten menika wonten sekawan, inggih menika kalepatan panyerating tembung ingkang dipuntambah *vokal*, panyerating tembung ingkang dipunkirangi *vokal*, panyerating tembung ingkang dipuntambah *konsonan*, saha kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *konsonan*. Kalepatan panyerating tembung ingkang dipuntambah *vokal* inggih menika *vokal e* saha *vokal a*. Kalepatan panyerating tembung

ingkang dipunkirangi *vokal* inggih menika *vokal* e, a, saha u. Kalepatan panyerating tembung ingkang dipuntambah *konsonan* n, m, w, saha k. Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *konsonan* n, w, y, saha k.

Kalepatan *fonologis* ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten gayut kalihan kalepatan panganggening *vokal* saha kalepatan panganggening *konsonan*. Kalepatan panganggening *vokal* inggih menika /a/ dipunserat /o/, /a/ dipunserat /e/, /i/ dipunserat /e/, /u/ dipunserat /o/, saha /o/ dipunserat /u/. Dene kalepatan panganggening *konsonan* /dh/ dipunserat /d/, /w/ dipunserat /u/, /t/ dipunserat /th/, /th/ dipunserat /t/, /d/ dipunserat /t/, /d/ dipunserat /h/, /g/ dipunserat /k/, /b/ dipunserat /t/, saha /g/ dipunserat /v/.

Kalepatan *morfologis* ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika kaandharaken ing tabel data ing nginggil. Tabel data nedahaken kalepatan babagan tembung wuwuhan saha tembung camboran. Tembung wuwuhan ingkang lepat ing panaliten menika babagan panganggening tembung ater-ater {sa-} dipunserat {sak-}, panyerating {dak-, ko-, di-} ingkang dipunpisah. Panambang {-e} ingkang boten gandheng kalihan tembung lingga, panambang{-en} ingkang dipunpisah panyeratipun. Wuwuhan sesarengan {sa-/e} ingkang lepat panyerating ater-ater {sa-}, {tak-/ke} ingkang lepat anggenipun nyerat dipunpisah ater-ater {tak-}, {di-/i} ingkang lepat anggenipun nyerat dipunpisah ater-ater {di-}, saha {tak-/ -i} ingkang lepat anggenipun nyerat dipunpisah ater-ater {tak-}. Kalepatan *morfologi* babagan camboran menika gayut kaliyan kalepatan panyerating tembung lingga boten mawi tandha panggandheng{-}, saha

dwilingga dipunserat mawi angka 2. Saha panyerating tembung klitika ingkang dipunserat pisah.

B. Pirembagan

Asiling panaliten nedahaken kalepatan-kalepatan ingkang kapanggihaken wonten *Draft SMS UGM Akun Aplikasi Line*. Kalepatan ingkang dipunpanggihaken mliginipun babagan *fonologis*, saha *morfologis*. Kalepatan wonten perangan *fonologis* inggih menika babagan *ejaan*. Kalepatan *ejaan* menika babagan tembung-tembung ingkang dipuntambah utawi dipunkirangi *vokal* utawi *konsonan*ipun, panganggening *vokal* saha *konsonan* ingkang lepat wonten satunggaling tembung. Kalepatan *morfologis* ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika gayut kalihan panganggening wuwuhan, panambang, camboran saha panyerating tembung.

1. Kalepatan *Fonologis*

Kalepatan *fonologis* ingkang lepat panyerating tembung inggih menika amargi dipuntambah *vokal*, dipunkirangi *vokal*, dipuntambah *konsonan*, saha dipunkirangi *konsonan*. Kalepatan *fonologis* ingkang gayut kalihan *ejaan*, inggih menika tembung-tembung ingkang lepat amargi panyerating *ejaan vokal* utawi *konsonan*. Kalepatan-kalepatan ingkang sampun kapanggihaken wonten ing panaliten gayut kalihan *fonologis* dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) Kalepatan Panyerating Tembung ingkang Dipuntambah *Vokal*

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipuntambah *vokal* wonten panaliten menika kapanggihaken *vokal* tambahan (+) e saha (+) a.

a) Dipuntambah *Vokal /e/*

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipuntambah *vokal /e/* wonten panaliten menika kados wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Tulisane digawe gede cilik campur angka marai le maca ngasi kriting matane.
(D89, 17/01/17)

Kalepatan ing ukara menika mapan wonten ing tembung **tulisane** ingkang kawuwuhan *vokal /e/*. Kalepatan kasebat dumados amargi vokal e ing tembung kasebat dipunserat rangkep, kedahipun cekap dipunserat e kemawon. Menawi dipunserat kados mekaten ndadosaken tembung kasebat boten ngemu teges. Saking ukaranipun, tembung ingkang trep inggih menika **tulisane**.

b) Dipuntambah *vokal /a/*

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipuntambah *vokal /a/* wonten panaliten menika kados wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Awale suara iku **pancaen** samar2 rek, sampek akhire koncoku ngroso gaenak dan memutuskan ndelok nang ngarep ono opo.
(D156, 02/03/17)

Kalepatan ing ukara menika mapan wonten ing tembung **pancaen** ingkang kawuwuhan *vokal /a/*. saking ukaranipun, tembung ingkang trep inggih menika **pancen** ingkang tegesipun perangan ingkang sampun dipunpesthi, sampun tetep. Dene menawi ngginakaken tambahan *vokal /a/* ing tembung menika nyebabaken tembung boten wonten tegesipun saha lepat ejaanipun. Manawi dipunjumbuhaken kalihan ukaranipun, tembung **pancaen** menika mboten mlebet wonten ing konteks ukara amargi tembung menika wonten ing basa Jawi boten wonten tegesipun.

2) Kalepatan Panyerating Tembung ingkang Dipunkirangi Vokal

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *vokal* wonten panaliten menika kapanggihaken *vokal* kirang (-) e, (-) a, saha (-) u. kalepatan panyerating tembung ingkang dipunpanggihaken menika langkung cetha dipunjlentrehaken wonten ing ngandhap menika.

a) Dipunkirangi (-) e

Kalepatan tembung ingkang dipunsebabaken kirang *vokal* /e/ kapanggihaken wonten ing asiling panyeratan *Draft SMS UGM akun Line*. Kalepatan tembung menika wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Tapi tak dinyana nyana lur tekane mlebu jawa barat ki jebul yo **ttep** macet dowo bget lur, (D4, 05/01/17)

Pethikan ukara menika nedahaken wonten satunggaling tembung ingkang lepat, inggih menika tembung **ttep**. Kalepatan menika dipunsebabaken amargi panyerating tembung boten jangkep inggih menika kirang *vokal* /e/ wonten ing wanda kapisan. Saking ukaranipun, tembung ingkang trep inggih menika **tetep** ingkang tegesipun boten ewah, dene menawi kirang ngginakaken *vokal* /a/ ing tembung menika nyebabaken lepat ejaanipun.

b) Dipunkirangi (-) a

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *vokal* a wonten panaliten menika kados wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Tapi tak dinyana nyana lur tekane mlebu jawa barat ki jebul yo ttep macet dowo **bget** lur, (D4, 05/01/17)

Tembung **bget** wonten ing data (1) pethikan ukara ing nginggil inggih menika tembung ingkang lepat ejaanipun, amargi dipunserat boten jangkep utawi

dipunsingkat. Panganggening tembung ingkang boten jangkep ing nginggil njalari tembung kalawau boten wonten tegesipun. Panyeratipun ingkang leres inggih menika **bget** dipunserat **banget** (Bausastra Jawa: 2011).

c) Dipunkirangi (-) u

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *vokal* u wonten panaliten menika kados wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Dalan kono iku ciut mass neg **aq** minggir² keleset terus kecemplong kalen pie mas..
(D120, 14/02/17)

Tembung **aq** wonten ing data (1) pethikan ukara ing nginggil inggih menika tembung ingkang lepat ejaanipun, amargi dipunserat boten jangkep utawi dipunsingkat. Panganggening tembung ingkang boten jangkep ing nginggil njalari tembung kalawau boten wonten tegesipun. Panyeratipun ingkang leres inggih menika **aq** dipunserat **aku** ingkang tegesipun kula minangka tembung sesulih utama purusa.

3) Kalepatan Panyerating Tembung ingkang Dipuntambah *Konsonan*

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipuntambah *konsonan* wonten ing panaliten menika kapanggihaken *konsonan* dipuntambah (+) n, (+) m, (+) w, saha (+) k.

a) Dipuntambah konsonan n

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *konsonan* n wonten panaliten menika kados wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Wong² sing do kerjo sibuk ning kuto² gede ratau nemoni mbokne do bali nang **ndeso**² sungkeman karo sanak sedulur.
(D36, 05/01/17)

Tembung **desa** menika kalebet wonten ing tembung aran papan. Manawi dipuntingali saking konteks ukaranipun tembung **ndeso** menika ateges gadhah sipat kados tiyang desa, ananging tembung ndeso menika nedahaken satunggaling katrangan bilih wong-wong sami kondur dhateng desa. Saking ukaranipun, tembung ingkang trep inggih menika **desa** ingkang tegesipun dhusun. Dene menawi ngginakaken tambahan *konsonan* /n/ ing tembung menika nyebabaken tembung boten wonten tegesipun saha lepat ejaanipun.

b) Dipuntambah konsonan m

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *konsonan* m wonten panaliten menika kados wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

- (1) **Mbiyen** aku wis tau seneng karo wong tapi meneng2 ngono.
(D73, 15/01/17)
- (2) Jaman saiki opo2 larang lur opo2 **mbayar** koe urip ning jaman koyo ngene iki meh nggolek sing jnenge gratis angel lur.
(D34, 05/01/17)

Tembung **mbiyen** wonten ing data (1) saha tembung **mbayar** wonten ing data (2) menika lepat amargi kawuwuhan konsonan m ing sangajenging tembung lingga. Tembung ingkang leres miturut Bausastra Jawa inggih menika **mbiyen** dipunserat **biyen** saha **mbayar** dipunserat **bayar**.

c) Dipuntambah *konsonan* w

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *konsonan* w wonten panaliten menika kados wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Aku iki sakjane uwong sing **muwales** moco buku.
(D92, 19/01/17)

Tembung **muwales** wonten data (1) menika lepat anggenipun nyerat amargi kawuwuhan *konsonan* w wonten wanda kaping kalih. Tembung muwales menika

saged gadhah teges males sanget, ananging panyeratanipun lepat. Panyeratanipun tembung **muwales** ingkang leres inggih menika **males**.

d) Dipuntambah konsonan k

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipuntambahi *konsonan* k wonten panaliten menika kados wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Usahakkee manut sing ditentuke yoo lur neg ora kuat yo wes **sakmampune**.
(D115, 03/02/17)

Tembung sakmampune wonten data (1) menika lepat amargi kawuwuhan *konsonan* k wonten wanda kapisan.

4) Kalepatan Panyerating Tembung ingkang Dipunkirangi *Konsonan*

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *konsonan* wonten panaliten menika kapanggihaken *konsonan* dipunkirangi antawisipun (-) n, (-) w, (-) y, saha (-) k.

a) Dipunkirangi konsonan n

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *konsonan* k wonten panaliten menika kados wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Tapi tak dinyana nyana lur tekane mlebu jawa barat ki jebul yo ttep macet dowo **bget** lur,
(D4, 05/01/17)

Tembung bget wonten data (1) menika lepat anggenipun nyerat amargi tembung dipunkirangi konsonan n. Tembung ingkang leres miturut Bausastra Jawa inggih menika **bget** dipunserat **banget** ingkang gadhah teges sanget, kalawan temen-temen.

b) Dipunkirangi konsonan w

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *konsonan w* wonten panaliten menika kados wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

- (1) Senajan raiso garap aku yo tep ethel, hla wong jare kanca2ku dosen **kui** murah biji, aku yo wis usaha ra ketang sinau model sks.
(D5, 09/01/17)
- (2) Pake aplikasi android “30 Day Fitness Challenge” nahh gunane aplikasi iki nggo **koe** men ono panduane sek arep di cilikke/ di kencengke ki bagian ndi nko ono.
(D12, 03/02/17)

Tembung *kui* wonten ing data (1) saha *koe* wonten data (2) pethikan ukara ing nginggil inggih menika tembung ingkang lepat ejaanipun, amargi dipunserat boteng jangkep. Panganggening tembung ingkang boten jangkep ing nginggil njalari tembung kalawau dipunserat amargi saking pocapanipun ingkang makaten. Panyeratipun ingkang leres inggih menika **kui** dipunserat **kuwi** ingkang tegesipun punika saha **koe** dipunserat **kowe** ingkang tegesipun sampeyan, panyebut kangge tiyang ingkang dipunajak guneman.

c) Dipunkirangi konsonan y

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *konsonan y* wonten panaliten menika kados wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

- (1) Mosok nek enggok2an macet kok **sampean** nyruput dalan.e wong mass.
(D13, 14/02/17)
- (2) Dalan kono iku ciut mass neg aq minggir2 kepleset terus kecemplong kalen **pie** mas..
(D13, 14/02/17)

Tembung *sampean* wonten ing data (1) saha *pie* wonten data (2) pethikan ukara ing nginggil inggih menika tembung ingkang lepat ejaanipun, amargi dipunserat kirang konsonan /y/. Panganggening tembung ingkang boten jangkep ing nginggil

njalari tembung kalawau dipunserat amargi miturut saking pocapanipun ingkang makaten. Panyeratipun ingkang leres inggih menika **sampean** dipunserat **sampeyan** ingkang tegesipun panyebut kangge tiyang ingkang dipunajak guneman saha **pie** dipunserat **piye** ingkang tegesipun priipun, kalebet tembung pitakon kangge taken kaanan.

d) Dipunkirangi konsonan k

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *konsonan* k wonten panaliten menika kados wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Saranku wae, ojo lali didelok ki tanki bensin **tasih** ora isi BBM ee (D131, 17/02/17)

Tembung **tasih** wonten ing data (1) menika lepat amargi wonten ing basa Jawi boten kapanggihaken tegesipun. Kalepatan ing nginggil inggih menika tembung ingkang lepat ejaanipun, amargi dipunserat kirang konsonan /k/. Miturut ukaranipun tembung ingkang dipunkajengaken menika tembung **taksih** ingkang tegesipun *isih* saengga jumbuh antawisipun tembung kalihan konteks ukara.

a. Kalepatan Ejaan

Kalepatan *ejaan* ingkang kapanggihaken wonten ing seratan *akun Draft SMS UGM aplikasi Line* inggih menika kalepatan panyerating *ejaan vokal* saha *konsonan*. Kalepatan menika badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) Kalepatan panyerating ejaan vokal

Panyerating ejaan ingkang lepat vokalipun kapanggihaken wonten ing panaliten menika. Kalepatan panyerating ejaan vokal antawisipun /a/ dipunserat /o/, /a/ dipunserat /e/, /i/ dipunserat /e/, /u/ dipunserat /o/, saha /o/ dipunserat /u/.

andharan ing ngandhap menika ingkang saged njlentrehaken kalepatan *fonologis* babagan panyerating ejaan vokal ingkang kapanggihaken wonten panaliten menika.

a) Ejaan vokal /a/ dipunserat /o/

Kalepatan ejaan vokal /a/ ingkang dipunserat /o/ wonten panaliten menika kapanggihaken wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

(1) Kanca2ku durung do **teko**.

(D20, 02/01/17)

(2) Aku iki sakjane uwong sing muwales **moco** buku.

(D92, 19/01/17)

Tembung **teko** wonten data (1) saha tembung **moco** wonten data (2) menika lepat.

Kalepatan tembung menika dipunsebabaken amargi panyerating ejaan vokal /a/ ingkang dipunserat /o/. Vokal /a/ wonten ing basa Jawi gadhah 2 alofon inggih menika [a] wonten ing tembung **dhahar** saha [ɔ] wonten ing tembung **aja**. Alofon [ɔ] wonten ing vokal /o/ satemah angel anggenipun mbedakaken. Tembung ingkang jumbuh miturut ukaranipun inggih menika **teka** saha **maca**. Tembung **teka** saha **moco** menawi dipunpocapaken menika dados **teko** saha **moco**. vokal /a/ ingkang swantenipun [ɔ] nyebabaken tiyang menggalih bilih swanten [ɔ] menika /o/ saengga lepat anggenipun nyerat tembung.

b) Ejaan vokal /a/ dipunserat /e/

Kalepatan ejaan vokal /a/ ingkang dipunserat /e/ wonten panaliten menika kapanggihaken wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Senajan raiso garap aku yo tep ethel, hla wong jare kanca2ku dosen kui murah biji, aku yo wis usaha ra ketang sinau model sks.

(D54, 09/01/17)

Tembung **sanajan** wonten data (1) menika lepat panyerating ejaanipun. Kalepatan tembung menika dipunsebabaken amargi panyerating ejaan vokal /a/ ingkang dipunserat /e/. Tembung ingkang jumbuh miturut ukaranipun inggih menika **sanajan**. Tembung sanajan menika asiling tembung pocapan, dene tembung ingkang baken inggih menika **sanadyan**.

c) Ejaan vokal /i/ dipunserat /e/

Kalepatan ejaan vokal /a/ ingkang dipunserat /e/ wonten panaliten menika kapanggihaken wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Mung nang njobo wae ketoke kuat, pecicilan, akeh polahe, opo maneh nek **wes** debat tim bola, wes gak bakal ono sing gelem ngalah.
(D70, 15/01/17)

Ukara ing nginggil menika nedahaken kalepatan wonten ing ejaan vokal /i/ ingkang dipunserat /e/. Tembung **wes** menika kedahipun dipunserat ngginakaken vokal /i/ saengga dipunserat **wis**. Tembung wis menika tegesipun sampun dipuntindakaken. Kalepatan menika dipunsebabaken vokal /i/ ingkang rumaket kalihan konsonan /s/ ing satunggaling tembung ingkang pocapanipun dados /e/. Kalepatan menika ugi asring kapanggihaken wonten satunggaling tembung menawi vokal /i/ menika rumaket kalihan konsonan /h/, ingkang pocapanipun ugi dados /e/. tuladhanipun wonten tembung **luwih**, **kalih**, **ajrih** nalika dipunpocapaken dados [luweh], [kaleh], [ajreh].

d) Ejaan vokal /u/ dipunserat /o/

Kalepatan ejaan vokal /a/ ingkang dipunserat /e/ wonten panaliten menika kapanggihaken wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Dalan kono iku ciut mass neg aq minggir2 kepleset terus **kecemplong**
kalen pie mas..
(D120, 14/02/17)

Vokal /u/ wonten ing basa Jawi menika gadhah 2 alofon inggih menika [u]
wonten tembung mambu saha alofon [U] wonten tembung adus. Alofon [U]
ungelipun meh sami kalihan vokal /o/. tembung kecemplong menika tembung
ingkang kedahipun dipunserat ginakaken vokal /u/ ingkang alofonipun [U].
panganggening vokal /o/ wonten tembung kecemplong njalari tembung kalawau
boten wonten tegesipun. Panyerating tembung **kecemplong** ingkang leres inggih
menika **kecemplung** saking tembung lingga cemplung (Bausastra Jawa: 2011).

e) Ejaan vokal /o/ dipunserat /u/

Ejaan vokal /o/ dipunserat /u/ ingkang lepat wonten satunggaling tembung
kapanggihaken wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Eleng **duto** mas melbu neroko panas.
(D163, 02/03/17)

Tembung **duto** wonten ukara ing nginggil menika lepat ejaanipun. Kalepatan
tembung menika dipunsebabaken amargi panyerating ejaan vokal /o/ ingkang
dipunserat /u/. tembung duso menika miturut basa Jawi boten wonten tegesipun.
Tembung ingkang jumbuh miturut ukaranipun ingkang leres inggih menika **dosa**
ingkang gadhah teges nglampahi kaluputan.

2) Kalepatan panyerating ejaan konsonan

Panyerating ejaan ingkang lepat konsonanipun kapanggihaken wonten ing
panaliten menika. Kalepatan panyerating ejaan *konsonan* antawisipun /dh/
dipunserat /d/, /w/ dipunserat /u/, /t/ dipunserat /th/, /th/ dipunserat /t/, /d/
dipunserat /t/, /d/ dipunserat /h/, /g/ dipunserat /k/, /b/ dipunserat /t/, saha /g/

dipunserat /v/. Andharan ing ngandhap menika ingkang saged njlentrehaken kalepatan *fonologis* babagan panyerating ejaan *konsonan* ingkang kapanggihaken wonten panaliten menika.

a) Ejaan konsonan /dh/ dipunserat /d/

Kalepatan panyerating ejaan konsonan /dh/ ingkang dipunserat /d/ wonten panaliten menika kapanggihaken wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

- (1) Ya Allah yen kelingan wis prindang prinding **dewe** aku lur.
(D17, 02/01/17)
- (2) Terus **gandeng** omahku ki nanggung ora adoh dan ora **cedak** seko kampus, aku ki ngekos lur.
(D27, 04/01/17)

Tuladha kalepatan panyerating ejaan konsonan /dh/ menika kapanggihaken wonten seratan ing nginggil. Tembung **dewe**, **gandeng**, saha **cedak** inggih menika tetembungan ingkang kedahipun dipunserat ngginakaken konsonan /dh/. Panyeratipun tembung ingkang leres inggih menika **dewe** dipunserat **dhewe**, **gandeng** dipunserat **gandheng**, saha **cedak** dipunserat **cedhak** (Bausastra Jawa: 2011).

b) Ejaan konsonan /w/ dipunserat /u/

Kalepatan panyerating ejaan konsonan /w/ ingkang dipunserat /u/ wonten panaliten menika kapanggihaken wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Dadi, pas subuh2 koncoku seng sek ngaji iku krungu suara2 kreeeeng..alias **suara** gerbang mbukak.
(D55, 02/03/17)

Tuladha kalepatan panyerating ejaan konsonan /w/ menika kapanggihaken wonten seratan ing nginggil. Tembung **suara** menika lepat menawi dipunserat wonten basa Jawi, amargi wonten basa Jawi menika konsonan /u/ dipunserat ngginakaken

konsonan /w/. Tembung **suara** menika kalebet tembung ingkang dipunserat wonten Basa Indonesia. Panyeratipun tembung ingkang leres inggih menika, **suara** dipunserat **swara** (Bausastra Jawa: 2011).

c) Ejaan konsonan /t/ dipunserat /th/

Kalepatan ejaan konsonan /t/ ingkang dipunserat /th/ wonten panaliten menika kapanggihaken wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Senajan raiso garap aku yo tep **ethel**, hla wong jare kanca2ku dosen kui murah biji, aku yo wis usaha ra ketang sinau model sks.
(D54, 09/01/17)

Tembung **ethel** wonten pethikan ukara ing nginggil menika lepat ejaanipun. Menawi dipuntingali saking konteks ukaranipun, tembung ingkang dipunkajengaken dening panyerat inggih menika tembung **etel**. Panyerating ingkang leres wonten seratan ing nginggil inggih menika tembung **ethel** dipunserat **etel**.

d) Ejaan konsonan /th/ dipunserat /t/

Kalepatan ejaan konsonan /th/ ingkang dipunserat /t/ wonten panaliten menika kapanggihaken wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Seng ngakune konco **kentel**.
(D113, 02/02/17)

Basa Jawi menika mbedakaken konsonan /t/ saha konsonan /th/. Kalih konsonan kalawau beda acara anggenipun nyerat saha nglafalaken. Beda kalihan basa Indonesia ingkang namung gadhah konsonan /t/ kemawon. Tembung **kentel** wonten seratan ing nginggil menika saged dipuntegesi antem, ananging menawi dipuntingali saking konteks ukaranipun tembung ingkang dipunkajengaken

dening panyerat inggih menika tembung **kenthel** ingkang tegesipun rumaket paribasan kangge kanca cerak.

e) Ejaan konsonan /d/ dipunserat /t/

Kalepatan ejaan konsonan /d/ ingkang dipunserat /t/ wonten panaliten menika kapanggihaken wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Mas, nek numpak motor ki birik2 wae **saget** mboten.
(D117, 14/02/17)

Miturut ukaranipun tembung **saget** menika lepat amargi panyerating ejaan konsonan /d/ dipunserat /t/. tembung ingkang leres inggih menika **saged**, dipunserat kanthi ngginakaken konsonan /d/. konsonan [t, d] wonten ngelmu fonetik kalebet wonten ing konsonan hambat apiko-dental. Mocopaken tembung ingkang gadhah konsonan [t, d] menika wonten basa Jawi meh sami, menapa malih bilih konsonan menika dipunwujudaken seratan wonten ing pungkasaning tembung.

f) Ejaan konsonan /d/ dipunserat /h/

Kalepatan ejaan konsonan /d/ ingkang dipunserat /h/ wonten panaliten menika kapanggihaken wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Padahal aku ki **hurung** adus hurung mulih opo opo kawit esuk neng kampus. (D130, 17/02/17)

Tembung **hurung** wonten ing pethikan ukara ing nginggil menika lepat anggenipun nyerat ejaanipun. Tembung menika lepat amargi panyeratipun tembung kedahipun ngginakaken konsonan /d/ ananging dipunserat ngginakaken konsonan /h/. panyerating ejaan ingkang leres inggih menika **hurung** dipunserat **durung**.

g) Ejaan konsonan /g/ dipunserat /k/

Kalepatan panyerating ejaan konsonan /g/ ingkang dipunserat /k/ wonten panaliten menika kapanggihaken wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Suwun mas wis ngajak mabur marak awan, nanging kok **ujuk ujuk** mbok cul.

(D133, 21/02/17)

Miturut ukaranipun tembung **ujuk** menika lepat amargi panyerating ejaan konsonan /g/ dipunserat /k/. Tembung ingkang leres inggih menika **ujug** ingkang tegesipun dumadakan, dipunserat kanthi ngginakaken konsonan /g/. konsonan [g, k] nalika mapan wonten ing pungkasaning tembung minangka aksara mati asring damel bingung anggenipun nyerat tembung. Mocupaken tembung ingkang gadhah konsonan [g, k] menika wonten basa Jawi meh sami, menapa malih bilih konsonan menika dipunwujudaken seratan wonten ing pungkasaning tembung.

h) Ejaan konsonan /b/ dipunserat /t/

Kalepatan panyerating ejaan konsonan /b/ ingkang dipunserat /t/ wonten panaliten menika kapanggihaken wonten pethikan ukara ing ngandhap menika.

Yo ngedate ro aku wae cerak kok podo2 mbantul podo2 nglajo **tulak** balik mbantul-sleman.. sekian!!

(D144, 24/02/17)

Tembung tulak wonten ing teks ing nginggil menika lepat anggenipun nyerat konsonan /t/. Konsonan /t/ kedahipun dipungantos konsonan /b/. tembung tulak menika boten wonten tegesipun. Sanesipun lepat anggenipun nyerat konsonan /t/ ugi lepat anggenipun nyerat vokal /u/. Wondene menawi dipuntingali konteks ukaranipun menika gayut kalihan tembung wingkingipun inggih menika balik, saengga menawi dipungayutaken dados dipunserat **bolak-balik**.

2. Kalepatan Morfologis

Kalepatan *morfologis* ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika antawisipun tembung lingga ingkang pikantuk wuwuhan, tembung lingga ingkang pikantuk panambang, saha tembung lingga ingkang rumaket kalihan wuwuhan sesarengan. Kalepatan-kalepatan menika langkung cetha dipunjlentrehaken wonten ing ngandhap menika.

a. Kalepatan Proses Pandhapuking Tembung

1) Kalepatan Ater-ater

a) Ater-ater {sa-} dipunserat {sak-}

Aku iki **sakjane** uwong sing muwales moco buku.

(D92, 19/01/17)

'Saya ini sebenarnya orang yang malas untuk membaca buku'

Wonten ing basa Jawi boten wonten ater-ater {sak-}. Ater-ater ingkang leres inggih menika {sa-}. Tembung **sakjane** kedahipun dipungantos **sajane**. Panyerating ater-ater saha tembung lingga kedah dipungandheng.

b) Panambahing ater-ater {m-}

Mbiyen aku wis tau seneng karo wong tapi meneng2 ngono.

(D73, 15/01/17)

'dulu saya pernah menyukai seseorang tetapi diam-diam saja.'

Wonten basa Jawi anuswara utawi nasal ginanipun wonten 2, inggih menika kangge :

(1) Nggampilaken anggenipun nglafalaken, boten ngantos ngewahi jinising tembung,

(2) Anuswara ingkang saged ngewahi jinising tembung (Sasangka: 1989).

Tembung mbiyen wonten nginggil menika boten mbetahaken ater-ater {m-} amargi fungsi saking konsonan /m/ wonten seratan kasebat naming kangge

nggampilaken anggenipun nglafalaken. Panyeratipun ingkang leres inggih menika **biyen** (dulu).

c) Ater-ater {dak-, ko-, di-} dipunpisah

Kalepatan ing panyerating ater-ater {dak-, ko-, di-} ingkang dipunserat pisah wonten seratan *Akun Draft SMS UGM Aplikasi Line* kados pethikan ing ngandhap menika.

Tibak e sedeng **di delok** ono ibu2 seng sek tas mudun teko sembayang subuh teko masjid nutup gerbangku rek. (D157, 02/03/17)

Tembung **di delok** pethikan seratan kasebat lepat ing panyerating ater-ateripun. Tembung menika saking tembung delok pikantuk ater-ater {di-}. Ing basa Jawi panyerating tembung ingkang leres inggih menika didelok.

Tuladha sanesipun ingkang lepat ing panyerating ater-ater {dak-, ko-, di-} wonten seratan *Akun Draft SMS UGM Aplikasi Line* kados pethikan ing ngandhap menika.

Tapi yo iseh **tak pendem** wae lur iseh batas wajar soale. (D65, 13/01/17)

Tembung **tak pendem** ing pethikan seratan kasebut lepat ing panyerating ater-ater ingkang dipunserat pisah. Ing basa Jawi panyerating ater-ater kedah dipungandheng kalihan tembung ingkang dipunater-ateri. Panyerating tembung kasebat ingkang leres inggih menika **takpendhem**.

2) Kalepatan Panganggening Panambang

Kalepatan morfologis ingkang gayut kalihan tembung lingga ingkang pikantuk panambang kapanggihaken wonten *akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017*. Kalepatan ingkang kapanggihaken inggih menika panambang (-e) ingkang dipunpisah kalihan tembung lingga, kalepatan

panambang {-ake} ingkang mboten jumbuh kalihan tembung lingganipun, lepat panyerating panambang {-ake} ing satunggaling tembung. Pirembagan babagan kalepatan panambang dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

a) Panganggening panambang {-e} dipunpisah

Kalepatan ing panyerating panambang {-e} ingkang dipunpisah wonten *akun*

Draft SMS UGM aplikasi Line kados pethikan ing ngandhap menika.

Ojo nggampangke, soale luwih gedhe **isin e** dibanding **kesel ee**.

(D132, 17/02/17)

'Jangan memudahkan, karena lebih besar malunya dibanding capeknya.'

Tembung **isin e** saha tembung **kesel e** nglampahi kalepatan morfologis.

Tembung **isin e** lepat tata panyerating panambang {-e}. Panambang kedahipun dipungandheng kaliyan tembung lingganipun dados **isine**. Wondene tembung **kesel ee** menika ugi lepat anggenipun panyerating panambang {-e}. sanesipun lepat anggenipun nyerat panambang {-e} menika kedahipun naming satunggal vokal /e/ kemawon dados **kesele**.

b) Panambang {-ake} lepat nyeratipun

Eh kancaku seng rada eror mau langsung **ngulungke** sendok bekas nggo ngerok tritip lur.

(D19,29/03/17)

Tembung tembung **ngulungke** nglampahi kalepatan morfologis. Tembung **ngulungke** lepat tata panyerating panambang {-ake}. panambang kedahipun dipunjangkepi kaliyan vokal {a} dados **nglungake**.

3) Kalepatan Wuwuhan Sesarengan

Kalepatan panyerating tembung lingga ingkang pikantuk wuwuhan sesarengan kapanggihaken wonten ing panaliten menika. Wuwuhan sesarengan

ingkang kapanggihaken antawisipun wuwuhan sesarengan (sa-e) ingkang lepat ater-ateripun, wuwuhan sesarengan (di-i) ingkang lepat ater-ateripun, wuwuhan sesarengan (di-ake/ke) ingkang lepat ater-ateripun.

a) {sa/-e} lepat ater-ater {sa-}

Tembung lingga ingkang kawuwuhan ater-ater saha panambang {sa/-e} ingkang lepat kapanggihaken wonten ing panaliten menika. Pethikan ukara ing ngandhap menika nedahaken kalepatanipun.

Sakwise setaun aku wis biso mupon.

(D78, 15/01/17)

‘Setelahnya satu tahun aku sudah bisa *move on*.’

Kalepatan tembung **sakwise** menika dipunsebabaken ater-ater {sa-} ingkang nglampahi panambahing huruf konsonan {-k}. ingkang leres panyerating tembung miturut paugeranipun inggih menika **sawise**. Ater-ater {sa-} saha panambang {-e} menika panyerating ingkang leres rumaket wonten ing ngajeng saha wingking tembung lingga.

b) {di/-i} dipunpisah panambang {i-}

Tembung lingga ingkang kawuwuhan ater-ater saha panambang {di/-i} ingkang lepat kapanggihaken wonten ing panaliten menika. Pethikan ukara ing ngandhap menika nedahaken kalepatanipun.

Saranku wae, ojo lali **didelok ki** tanki bensin tasih ora isi bbm ee

(D131, 17/02/17)

‘Saranku saja, jangan lupa dilihat tanki bensin masih ada isi bbmnya atau tidak.’

Kalepatan tembung **didelok ki** menika dipunsebabaken panambang {-i} ingkang dipunpisah kaliyan tembung lingganipun. Ingkang leres panyerating tembung miturut paugeranipun inggih menika **dideloki**. Ater-ater {di-} saha panambang

{-i} menika panyerating ingkang leres rumaket wonten ing ngajeng saha wingking tembung lingga.

c) {dak-ke}/ {tak-ke}

Kalepatan ing panyerating wuwuhan sesarengan {tak-ke} ing *akun Draft SMS UGM aplikasi Line* ingkang ater-ateripun kaserat pisah kados pethikan ing ngandhap menika.

Novel kui **tak selehke** meneh ning panggone mau. (D100, 19/01/17)

Tembung **tak selehke** lepat wonten ing panyerating wuwuhan sesarengan {tak-ke} ingkang ater-ateripun kaserat pisah. Tembung kasebat dumados saking ater-ater {tak-} + seleh + {-ke} saengga dados takselehke. Panyerating tembung kasebat kedah dipungandheng kalihan wuwuhan sesarenganipun, inggih menika ater-ater saha panambangipun. Miturut proses pandhapuking tembung, panyerating tembung lingga ingkang dipunwuwuhi ater-ater saha panambang kedah dipunserat rumaket. Panyerating tembung **tak selehke** ingkang leres inggih menika takselehke. Tuladha sanesipun saged dipuntingali ing pethikan ngandhap menika.

Sakdawane dalan aku umak umik dewe moco surat 3kulhu, alfatihah, doa makan, doa arep turu, doa mlebu wc, wis mbuh sakwacan-wacane, donga sik aku kelingan **tak ucapke** kabeh. D16 ,02/01/17)

Panyerating tembung **tak ucapke** lepat ing panyerating wuwuhan sesarengan {tak-ke} ingkang ater-ateripun dipunserat pisah. Tembung ucap ingkang dipunwuwuhi ater-ater {tak-} saha panambang {-ke} saengga dados takucapke, {tak-} + ucap + {-ke} saengga dados takucapke. Panyerating tembung kasebat ugi kedah dipungandheng kalihan wuwuhanipun amargi wuwuhan

sesarengan inggih menika ater-ater saha panambangipun kedah dipunserat rumaket kalihan tmebung lingganipun.

d) {dak-i}/ {tak-i}

Kalepatan ing panyerating wuwuhan sesarengan {tak-i} ing *akun Draft SMS UGM aplikasi Line* ingkang ater-ateripun kaserat pisah kados pethikan ing ngandhap menika.

Cowok sing **tak senengi** saiki (sebut wae tulip) yo disenengi karo kancaku.
(D79, 15/01/17)

Tembung **tak senengi** lepat wonten ing panyerating wuwuhan sesarengan {tak-i} ingkang ater-ateripun kaserat pisah. Tembung kasebat dumados saking ater-ater {tak-} + seneng + {-i} saengga dados taksenengi. Panyerating tembung kasebut kedah dipungandheng kalihan wuwuhan sesarenganipun, inggih menika ater-ater saha panambangipun. Miturut proses pandhapuking tembung, panyerating tembung lingga ingkang dipunwuwuhi ater-ater saha panambang kedah dipunserat rumaket. Panyerating tembung **tak senengi** ingkang leres inggih menika taksenengi.

e) Wuwuhan sesarengan (di-ake)

Tembung lingga ingkang kawuwuhan ater-ater saha panambang (di-ake) ingkang lepat ugi kapanggihaken wonten ing panaliten menika. Pethikan ukara ing ngandhap menika nedahaken kalepatanipun.

nahh gunane *aplikasi* iki nggo koe men ono panduane sek arep **di cilikke/ di kencengke** ki bagian ndi nko ono.
(D114, 02/02/2017)

Kalepatan tembung **di cilikke** menika dipunsebabaken ater-ater (di-) ingkang mboten rumaket wonten ing tembung lingga. Ingkang leres panyerating tembung

miturut paugeranipun inggih menika **diilekke**. Ater-ater (di-) saha panambang (-ake/-ke) menika panyerating ingkang leres rumaket wonten ing ngajeng saha wingking tembung lingga.

4) Kalepatan Panyerating Tembung Rangkep

Tembung rangkep ingkang lepat kapanggihaken wonten ing panaliten menika. Kalepatan panyerating tembung rangkep ing panaliten menika dipunperang dados kalih inggih menika panyerating tembung rangkep ingkang kirang tandha panggandhengipun saha panyerating tembung rangkep ingkang dipunringkes ngginakaken angka kalih. Kalepatan-kalepatan kasebat badhe dipunjlentrehaken ing ngandhap menika.

a) Kirang Tandha Panggandhengipun

Kalepatan ing panyerating tembung rangkep ing *akun Draft SMS UGM aplikasi Line* ingkang kirang tandha panggandhengipun kados pethikan ing ngandhap menika.

Ya Allah yen kelingan wis **prindang prinding** dewe aku lur. (D17, 02/01/17)

Tembung **prindang prinding** lepat ing panyerating tembung rangkep ingkang kirang tandha panggandhengipun. Miturut aturan ingkang sampun wonten, inggih menika ing panyerating tembung rangkep antawisipun tembung ingkang dipunrangkep dipunwuwuhi tandha panggandheng. Panyerating tembung kasebat ingkang leres inggih menika prindang-prinding. Tuladha sanesipun saged dipuntingali ing ngandhap menika.

Saiki lagi apik lur episodene **anyar anyar**. (D25, 04/01/17).

Tembung **anyar anyar** lepat ing panyerating tembung rangkep ingkang kirang tandha panggandhengipun. Miturut aturan ingkang sampun wonten, inggih menika ing panyerating tembung rangkep antawisipun tembung ingkang dipunrangkep dipunwuwuhi tandha panggandheng. Panyerating tembung kasebat ingkang leres inggih menika anyar-anyar.

b) Dipunringkes Ngginakaken Angka Kalih

Kalepatan ing panyerating tembung rangkep ing *akun Draft SMS UGM aplikasi Line* ingkang dipunringkes ngginakaken angka kalih kados pethikan ing ngandhap menika.

a) Dalan kono iku ciut mass neg aq **minggir2** kepleset terus kecemplong kalen pie mas.. (D120, 14/02/17)

b) Aku pengen **melu2** curhat babagan katresnan, lur. (D9, 01/02/17)

Tembung rangkep **minggir2** saha **melu2** menika lepat dipunsebabaken tembung dipunserat mawi angka kalih. Panganggening angka kalih kasebat minangka tandha tembung rangkep. Kedahipun ingkang leres anggenipun nyerat tembung rangkep menika ngginakaken tandha panggandheng (-) saha tembungipun dipunserat jangkep. Panyerating tembung rangkep ingkang ngginakaken angka kalih kasebat boten jumbuh kalihan pandom ejaan basa Jawi ingkang dipunsampurnakaken. Saengga panyerating tembung kasebat ingkang leres inggih menika minggir-minggir saha melu-melu.

5) Panganggening klitika

Klitika menika dipunperang dados kalih inggih menika proklitik saha enklitik wonten panyeratipun kedah dipungandheng kaliyan tembung lingganipun. Panganggening enklitik ingkang lepat kapanggihaken wonten ing panaliten

menika. Pethikan ukara ingkang nedahaken kalepatan panganggening enklitik dipunrembag wonten ing ngandhap menika.

Wektu aku mulih seko kampus lebar rapat sebelahe speedo meter **motor ku** ki wus ning ngisor E ngunu kuwi.

(D14, 17/02/17)

Panyeratipun tembung **motor ku** wonten ukara ing nginggil menika lepat ing panyerating tembung lingga ingkang dipunwuwuhi tembung enklitik ingkang panyeratipun dipunpisah. Enklitik –ku wonten ukara ing nginggil kedahipun sumambung kaliyan tembung lingga, saengga panyerating ingkang leres inggih menika **motorku**.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panalitening saha pirembagan ingkang sampun dipunandharaken ing bab saderengipun, analisis kalepatan *fonologis* saha *morfologis* basa Jawi ing *akun Draft SMS UGM aplikasi Line*, saged dipunpendhet dudutan kados ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

1. Jinis kalepatan panyerating tembung wonten ing *akun Draft SMS UGM aplikasi Line* inggih menika kalepatan *fonologis* saha kalepatan *morfologis*.
2. Wujud kalepatan *fonologis* arupi kalepatan *ejaan* panganggening *vokal* saha kalepatan panganggening *konsonan*.
3. Kalepatan ingkang gayut kalihan panyerating tembung ingkang kapanggihaken wonten panaliten menika wonten sekawan, inggih menika; kalepatan panyerating tembung ingkang dipuntambah *vokal*, panyerating tembung ingkang dipunkirangi *vokal*, panyerating tembung ingkang dipuntambah *konsonan*, saha kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi *konsonan*.
4. Kalepatan *fonologis* ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten gayut kalihan *ejaan* antawisipun kalepatan panganggening *vokal* saha kalepatan panganggening *konsonan*. Kalepatan *ejaan* panganggening *vokal* antawisipun /a/ dipunserat /o/, /a/ dipunserat /e/, /i/ dipunserat /e/, /u/ dipunserat /o/, saha /o/ dipunserat /u/.

Kalepatan panyerating tembung ingkang dipuntambah *konsonan* antawisipun (+) n, (+) m, (+) w, saha (+) k. Kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi konsonan antawisipun (-) n, (-) w, (-) y, saha (-) k.

5. Kalepatan panyerating *ejaan konsonan* antawisipun /dh/ dipunserat /d/, /w/ dipunserat /u/, /t/ dipunserat /th/, /th/ dipunserat /t/, /d/ dipunserat /t/, /d/ dipunserat /h/, /g/ dipunserat /k/, saha /b/ dipunserat /t/.
6. Wujud kalepatan *morfologis* ing *akun Draft SMS UGM aplikasi Line* ingkang dipunpanggihaken inggih menika kalepatan panganggening ater-ater, panambang, wuwuhan sesarengan, camboran, panyerating klitika ingkang boten leres.
7. Tembung wuwuhan ingkang lepat ing panaliten menika babagan panganggening tembung ater-ater {sa-} dipunserat {sak-}, panambahing ater-ater {m-}, saha Ater-ater {dak-, ko-, di-} dipunpisah.
8. Kalepatan *morfologis* ingkang gayut kalihan tembung lingga ingkang pikantuk panambang {-e} saha panambang {-en} ingkang boten gandheng kalihan tembung lingga. Wuwuhan sesarengan {sa-/e} ingkang lepat panyerating ater-ater {sa-}, {di-/i} ingkang lepat anggenipun nyerat dipunpisah ater-ater {di-}, {dak-ke}/ {tak-ke} ingkang lepat anggenipun nyerat dipunpisah ater-ater {tak-}. saha {tak-i} ingkang lepat anggenipun nyerat dipunpisah ater-ater {tak-}. Kalepatan *morfologis* babagan tembung rangkep menika gayut kaliyan kalepatan panyerating tembung rangkep boten mawi tandha panggandheng{-}, saha dipunringkes ngginakaken angka kalih.

9. Kalepatan panganggening klitika

Klitika menika dipunperang dados kalih inggih menika *proklitik* saha *enklitik* wonten panyeratipun kedah dipungandheng kalihan tembung lingganipun. Panganggening enklitik ingkang lepat kapanggihaken wonten ing panaliten menika.

B. Implikasi

Asiling panaliten nedahaken menawi wonten *akun Draft SMS UGM* wonten kalepatan basa Jawi babagan *fonologis* saha *morfologis*. Kalepatan *fonologis* saha *morfologis* basa Jawi wonten *akun Draft SMS UGM* kasebat saged damel pamaos wonten akun menika nglampahi kalepatan ingkang sami, menawi boten mangertosi kaidah basa Jawi ingkang leres. Asiling panaliten menika dipunginakaken kangge nambah seserepan dhateng pamaos ngengingi kalepatan basa mliginipun kalepatan *fonologis* saha *morfologis* basa Jawi wonteng ing *akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari- Maret 2017* saengga kaajab kalepatan kasebat boten dipunambali malih dening pamaos.

C. Pamrayogi

Panaliten ngengingi bab kalepatan basa ing *akun Draft SMS UGM aplikasi Line Januari-Maret 2017* menika dereng dipunrembag sedaya, taksih kathah kakiranganipun. Wonten panaliten menika namung ngandharaken babagan kalepatan *fonologis* saha *morfologis* wonten *akun Draft SMS UGM*. Pramila panaliten gadhah pangajab mugi-mugi wonten panaliten sanes ingkang nglajengaken panaliten menika mliginipun babagan kalepatan panganggening basa Jawi ingkang sanes. Tuladhanipun panaliten lanjut ingkang ngrembag perangan sanes kadosta ngrembag *diksi* (pamilihing tembung) saha *sintaksis* (tata pandhapuking ukara).

KAPUSTAKAN

- Anjani, Tri. 2011. *Kesalahan Berbahasa Jawa Tataran Morfologi pada Karangan Siswa Kelas VIII SMP Negeri 2 Bantarkawung*. Semarang: Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa. FBS UNS Semarang.
- Antunsohono. 1956. *Paramasastra Djawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- Depdikbud, 1988. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Balai Pustaka: Jakarta.
- Hastuti, Sri. 2003. *Sekitar Analisis Kesalahan Berbahasa Indonesia*. Yogyakarta: Mitra Gama Widya.
- Mulyani, Siti. 2008. *Fonologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Pateda, Mansoer. 1989. *Analisis Kesalahan*. Flores: Nusa Indah.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoe*
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J. B Wolters Uitgevers-Maatschappij N. V.
- Purwanti, Nugraheni Sri. 2013. *Kalepatan Fonologis saha Morfologis Basa Jawi ing Subtitle Film Korea Spy Girl*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa. FBS UNY Yogyakarta.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 1989. *Paramasastra Jawa Gagrag Anyar*. Surabaya: Citra Jaya Murti.
- Setiyadi, Bambang. 2006. *Metode Penelitian Untuk Pengajaran Bahasa Asing: Pendekatan Kuantitatif&Kualitatif*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Setyawati, Nanik. 2010. *Analisis Kesalahan Berbahasa Indonesia*. Surakarta: Yuma Pustaka.
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Suwadji, dkk. 1986. *Morfosintaksis Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Tarigan, Djago dan Lilis Siti Sulistyaningsih. 1998. *Analisis Kesalahan Berbahasa*. Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Tim Penyusun Balai Bahasa Yogyakarta. 2009. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.

Uhlenbeck. E.M. 1982. *Kajian Morfologi Bahasa Jawa*. Jakarta: Djambatan.
Universitas Negeri Yogyakarta. 2012. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: UNY.
University Press.

Nonpustaka :

http://www.academia.edu/9420205/Analisis_Kesalahan_Berbahasa_1_ANALISIS

KESALAHAN BERBAHASA

TABEL KALEPATAN PANGANGGENING BASA JAWI
WONTEN DRAFT SMS UGM AKUN LINE JANUARI-MARET 2017

No.	Tuturan	Jinis Kalepatan Fonologis						Jinis Kalepatan Morfologis				Andharan
		(+) V	(-) V	(+) K	(-) K	PV	PK	W	R	C	Klitika	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13
1.	jam 9 punjul aku wis cepak, wis macak cover boy kae lur nganggo hem, kathokan jeans, nggo gelang, parfuman wis mbois lah pokoke mung kurang nggowo udut wis joss jane, tapi sayange aku ra udut. (D1, 01/01/17)					✓						PV: o ← a, nggowo ← nggawa

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13
2.	gandeng isih jam 9nan gek aku yo isih memeng e (D2, 01/01/17)					✓	✓	✓				PV: o ← a, yo ← ya PK: d ← dh, podo ← padha memeng e ← memenge, memeng + e ← memenge
3.	Magetan – jogja ki yo adoh lur... ojo mbok bandingke Bantul-parangtritis sik ngesot we tekan. (D3, 01/01/17)		✓			✓						(-) V : a, we ← wae PV: o ← a, ojo ← aja, yo ← ya
4.	Hlakok tiba2 ibukku mlebu kamarku nesu2 ngongkon sholat. (D4, 01/01/17)								✓			R: 2 ← (-), nesu2 ← nesu-nesu
5.	Jendelo kamarku pas kae wis rodo padang ... dan ketoke ra mungkin ono wong obong2 uwuh nang ngarep omah. (D5, 01/01/17)					✓	✓		✓			PV: o ← a, ono ← ana, jendelo ← jendhela R: 2 ← (-), obong2 ← obong-obong PK: d ← dh, padang ← padhang
6.	Bar kui aku ngecek Line, batinku mesti kanca2 sik wis do tak				✓		✓		✓			(-) K: w, kui ← kuwi PK: t ← th, mesthi ← mesti d ← dh

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13
	kangseni kae do <u>misuh2</u> ra karuan. (D6, 01/01/17)											PV: o ← a, do ← dha R: 2 ← (-), <u>kanca2</u> ← kanca-kanca, <u>misuh2</u> ← misuh-misuh
7.	<u>Nesu2</u> kae yoen podo ibukku mau ngongkon aku shollat. (D7, 01/01/17)					✓	✓		✓			R: 2 ← (-), <u>nesu2</u> ← nesu-nesu PV: o ← a, podo ← padha PK: d ← dh, podo ← padha
8.	Ojo do tiru2 aku yo cah. (D8, 01/01/17)					✓	✓		✓			PK: d ← dh PV: o ← a, do ← dha o ← a, ojo ← aja, yo ← ya R: 2 ← (-), <u>tiru2</u> ← tiru-tiru
9.	Untunge tenan iki lur aku ora pegat kekancan ro kanca2ku mau. (D9, 01/01/17)								✓			R: 2 ← (-), <u>kanca2</u> ← kanca-kanca
10.	Tapi yo yen di etung2 aku ttp rugi wong sik urun tuku jagunge ki aku. (D10, 01/01/17)					✓		✓	✓			PV: o ← a, yo ← ya W : di dipungandheng, di etung ← dietung R: 2 ← (-), <u>etung2</u> ← etung-etung

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13
